

# PANJEBAR SEMANGAT

Weekblad basa Djawa adhedhasar kabangsan diwctokaké saben dina Sabtoe déning N.V. Handel Mij. Druk. „Indonesia” ing Soerabaja.

Directeur : R. Toekoel Soerohadinoto.

Hoofdredacteur : Imam Soepardi.

Regané langganan 1 kwartaal f 1,50  
Kena dibajar saben sasi f 0,50. Koedoe  
dibajar dhisik. Toemrap sandjabané  
Indonesia : 1 kwartaal f 2.—.  
Sawajah - wajah kena ndjaloe dadi  
langganan, nanging jèn lèrèn koedoe  
ing wekasané kwartaal.

Alamat Redactie lan Administratie :  
„PANJEBAR SEMANGAT”  
Paviljoen G. N. I. Boeboetan  
SOERABAJA.  
Telefoon Red. lan Adm.  
Z. 3 4 8 9

Ragad advertentie 1 regel f 0,25; apesé  
f 2,50 sak-pasangan. Jèn langganan  
(contract) : bisa olèh soedan akèh.  
Kena ndjaloe tarif. Administratie  
wenang nolak sawidjining advertentie,  
tanpa nerangaké sabab-sababé.

## L.B.D. LAN WOETASASTRA.

KITA wis naté ngakoni perloe-  
né bebadan L. B. D. jaikoe lucht-  
berschermingsdienst.

Satemené L. B. D. ikoe gan-  
dhèng rapet karo pembrantasan  
woetasastra. Jèn kita arep mèloe  
mentjaraké sijarané L. B. D. be-  
tijké cega sengkot mentjaraké  
woelangan abc marang rakjat,  
awit moeng rakjat kang wis bi-  
sa matja noelis waé kang gam-  
pang bisa nampa sesoeloeh saka  
L. B. D. maoe, merga boektiné  
ing padésan-padésan, nalikané  
dianakaké gladhèn L. B. D. ing  
ka'angané rakjat kang bodho,  
kang woetasastra, akèh banget  
kang klèroe tanpa oetawa loe-  
poet enggonné njoerasa préntah-  
ing loerahé, oepamané nganti ana  
kang slametan, ana kang mleboe  
loewengan, tirakat, patigeni, enz:

Tjatjahdjiwané \*poelo Djawa  
lan Madoera waé saiki ana  
41.000.000 ikoe kang bisa matja  
noelis moeng 2.239.000. Tjatjah  
djiwané wong wadon ana  
21.000.000 kang bisa matja noe-  
lis moeng lagi 298.000.

Saben taoené, pamoelangan  
désa nampa moerid kèhé 700.000,  
nanging oendhaking tjatjah dji-  
wa kelahiran, saben taoené ana  
1.200.000 nganti 1.300.000. Dadi  
kèhing oendhaking tjatjah djiwa  
mèh tikel! pindhoné kèhé botjah  
kang mleboe sekolah. Moela  
saka ikoe, jèn bab pambrantasan  
woetasastra, kita moeng soemén-  
dhé marang asilé pamoelangan  
ing désa - désa, tangèh bisané  
memala woetasastra iki kita sir-  
nakaké. Betjiké kabèh kang koe-  
wagang nindakaké pambrantasan  
woetasastra, padha kerig mènèhi  
sesoeloeh marang rakjat kita ing  
ngendi - endi lan ing sawajah-  
wajah.

Jèn mengko tjatjahé rakjat  
kang bisa matja noelis wis tikel  
sarta L.B.D. enggonné njaraké  
oendhang - oendhang ija ngang-  
go basané rakjat kang gampang-  
gampang dingertèni, wis mesthi  
sedy a arep njlametaké negara  
kéné saka pangrangsangé moe-  
soeh, bisa loewih ombèr lan loe-  
wih gampang mrasoeké marang  
sanoebariné pendhoedhoek asli  
ing negara kita kéné.

## Mahargya djoemenengan Nata.

Sampejan dalem I. S. K. Sultan.

### HAMENKOE BOEWONO KANG KA IX.

TELOENG sasi loewih ing  
pradja Ngajodjakarta komplang  
ora ana kang djoemeneng adji.  
Para kawoela padha ngantoe-an-  
toe. Kang selak kepéngin disoe-  
moeroepi ora s a p a kang bak-  
al djoemeneng, nanging k a p  
a n djoemenengané.

Doemadakan ora kasangka-  
angka pawarta officieel ngabar-  
aké manawa djoemeneng dalem  
G. R. M. Dorodjatoen mbésoek  
tanggal 18 Maart 1940, mbésoek  
embèn. Toemrap kalangan ndja-  
ba kang ora ngerti thek kliweré  
wis mesthi waé kabar maoe ora  
dinoega-doega, sawidjining ver-  
rassing. Awit genah sadoeroengé  
koewi ana kabar jèn ing sadjron-  
ning Maart iki lagi bakal dianak-  
aké embat - embatan prekara  
contract-politiek. Dadi pangirané  
wong akèh : djoemenengé mesthi  
ing sadjroné sasi April, oetawa  
saora-orané poengkasaning sasi

Maart. Nanging tibané ora, djoe-  
menengané tanggal 18 Maart.  
Mesthi waé kabar maoe tinampa  
tanpa dinoeaga lan gembira.

Tanggal 18 Maart ikoe tiba  
Senèn Pon. Manawa kita gagas,  
pamilihing dina maoe ora angger  
milih waé. Senèn Pon mbésoek  
embèn ikoe selapan dina sadoe-  
roengé Senèn Pon 12 Moeloed.  
Lan Senèn Pon ikoe dina wijos  
lan soeroedé K. N. Moehammad.  
Mitoeroet kapijandelan Djawa,  
dina Senèn Pon ikoe djaréné dina  
betjik, andajani kedadéjaning  
lakoe kang katindakaké ing dina  
maoe. Moela toemrap kapijande-  
lan Djawa, djoemenengan tiba  
dina Senèn Pon ikoe nggawa ala-  
mat kang betjik toemrap dina  
mboeri, kang gegajoetan karo  
pradja lan kawoela.

Saiki manawa kita mawas tata  
lahiré. Pandjenengan dalem G. R.  
M. Dorodjatoen ikoe 10 taoen

## INITIATIEF.

KANGGONE wong kang arep  
anggajoeh succes-é pegawéjané,  
kedjaba lija-lija, koedoe ndoewé  
initiatief, liré : ndoewé pandjang-  
ka sarta tjita-tjita roepa-roepa,  
soepaja tansah bisa anggoegah  
semangaté njamboetgawé. Wong  
kang ora ndoewé initiatief pin-  
dhané lilin kang tanpa oeroeb,  
ora bisa awèh pepadhang.

Kang kita karepaké ing tem-  
boeng initiatief ing kéné, jaikoe :  
gagasan kang betjik lan kang ti-  
nemoe ing nalar. Awit ana oega  
wong kang enggonné njamboet-  
gawé solan-salin, bar iki nindak-  
aké ika, sidji doeroeng rampoeng  
ngajahi lijané. Jèn kaja  
mengkéné, malah ora bisa nekak-  
aké succes, balik malah ngedoh-  
aké, merga saroepaning pagawé-  
jané bakal ora bisa maoedjoed  
kanthi sampoerna.

Initiatief kang bisa njoeroeng  
succes jaikoe kang bisa nglahir-  
aké gagasan kang betjik, bisa ne-  
kakaké pikiran kang terang lan  
anggampangaké lakoéné pega-  
wéjan kang ditindakaké.

lawasé nilar siti woetah rah, per-  
loe ngangsoe kawroeh menjang  
Nederland. Pandjenengan dalem  
sawidjining student kang am-  
bitieus, migatèkaké sakèhing  
ngèlmoe, loewih - loewih babagan  
kawroeh oelah pradja, staatswe-  
tenschappen. mBandjoer tinim-  
balan kondoor angedjawa, na-  
nging wis ngampil pasinaon In-  
dologie.

Nitik saka ikoe, mesthi ora tjil-  
lik dajané toemrap owah-owahan  
oelah pradja ing pradja Ngajo-  
djakarta. Kawroeh kang wis di-  
ampil saka tanah atas angin  
ikoe mesthi ndajani pangastaning  
poesara pradja, gedhéné kawoe-  
la bakal ngoendhoeh woh-é.

Kadjaba kawawas saka akèh-  
ing kenalaran, oega kena kita  
wawas saka kebatinan. Tjoba  
kita limbang - limbang waé sepira  
gedhéné tjobaning Pangéran,  
lagi waé ngantjik boemi woetah  
rah, teroes tinilar rama dalem.  
Ikie tan kena ora mesthi ndajani  
owahing kebatosan dalem G. R.  
M. Dorodjatoen.

Mitoeroet kang tjedhak karo  
pandjenengan dalem, pandjene-  
ngan dalem G. R. M. Dorodja-



Para pangoeroes Roekoen Tani ing dhoekoeh Wonokasian, désa  
Gajam (Goerah), tjabang Paree, pinoedjoe ngetokaké gabah lan  
woeloe pametoe, dioetangaké para warga-wargané ; lan loewihané  
diedel kanggo toekoe manèh ing mangsa panèn. Kang locnggoeh  
saka kiwa manengen : sdr. Soemardjo (Voorzitter), sdr. H. Wa-  
hab (Penningmeester). Kang nga teg saka kiwa manengen sdr. H.  
Sirat, sdr. Dajat, sdr. H. Ngoesnan (Commissaris). Kang nim-  
bang gabah : sdr. H. Noer (Commissaris) ; kang noelisi sdr. Soe-  
kiran (Secretaris) ; lijané koelawarga.

toen ikoe wis menep penggalihé. Manawa mawas samoebarang prekara mesthi kanthi premanem, ernstig.

Sanadjan 10 taen lawasé goelet karo kabodajan Koelonan, nanging pandjenengan dalem G. R. M. Dorodjatoen kapareng migatosaké kagoenan Djawa. Ikoé wis samesthiné, awit mijos lan pamimbasarané ana ing tengah-tengahing kagoenan Djawa. Malah kabaré oega kapareng arep njalirani pijambak, nanging kapambengan.

Kaja kang kita kawroehi, pandjenengan dalem G. R. M. Dorodjatoen wis nglenggahi djaman anjar, ora remen marang kaloe-mrahan - kaloemrahan Djawa kang moebra - moebroé.

Kabèh kang kaseboetaké ing ndhoewer maoc, lan isih akèh manèh, ora tjilik goena-dajané toemrap bakal pangasta poesara pradja dalem. Kirané bakal nètès kekoedangan dalem swarga Sinoewoen Sèda Kondoer (swargi rama dalem), nalika nitih ana ing sepoer, sarana paring pepali Hastha Brata, angger - angger ageming adji. Moega-moega waé mengkonowa.

Sepira kasoking bektiné para kawoela, kaboehtèn déné ing ngendi - endi panggonan sak Ngajodjakarta padha dianakaké comitè Biwadha Nata. Comitè-comitè kang nggamblok ana ing Centraal Comitè loewih saka sa-

toes. Ora moeng saka golongan Indonesia waé, dalasan saka golongan Tionghoa ija ana ada-ada nganakaké comitè pahargyan. Ikoé kabèh nandhakaké manawa para kawoela padha bekti lan asih soe, oed.

Ing wektoe iki ing sanoebaring rakjat toewoeh pitakonan, bakal menangi owah-owahan apa ing sadjroné djoemeneng dalem Ingkang Sinoewoen Kangdjeng Soeltan IX ikoe. Ikoé ora nggoemoenaké, awit saben genti nata mesthi nggawa owah-owahan. Nanging oemoemé padha gedhé atiné, padha kebak pangarep-arep jèn bakal ana owah-owahan kang betjik toemrap kawoela. Awit sampéjan dalem nata wis ngrasoek djaman kemadjoewan, ing djaman kainsjafan jèn Goesti lan Kawoela koedoe samad - sinamadan.

Kanggo panoetoep, kita ngondjoekaké kasoegengan marang kang nembé djoemeneng.

KAPINTERAN KANG  
ORA DIAMALAKE  
PEPINDHANÉ KA-  
JOE GEDHÉ KANG  
ORA ANA OEWOHE.  
KOERANG PAE-  
DAHE.



**TAMAN-EKONOMI**

**DHOEWIT LAN PAKARJAN.**  
Dhoewit minangka oekoeran pangadji.

DHOEWIT ikoe awoedjoed barang jasaning nagara ginawé saka mas, slaka, nikkel lan tembaga, goenané dienggo ngidjoli barang kapreloewaning ngaoerip. Saben nagara darbé wewenang jasa dhoewit. Minangka mbédakaké dhoewité nagara - nagara maoc, sidji - sidjiné radja wenang paréntah ngetjap gambaré ana ing dhoewit maoc. Moenggoeh pranatané jasa dhoewit ikoe jèn nagara Walanda katindakaké mitoeroet oeniné Grondwet art. 177.

Sarèhné barang kang dianggep édi déning sadhèngah wong ikoe mas, moelané kang dienggo dhasaring panggawéné dhoewit ija mas (gouden standaard). Moelané dianggep édi, kang mesthi djalaran gegandhèngan lan langka sarta angèling panggolèké. Kehing pamelikan mas ora nletjék. Rèhning wis tjetha angèling panggolèké, nèk dhoewit - dhoewit ikoe ginawé saka

mas kabèh, mesthi bakal kakoe-rangan mas, wekasan ora bisa ngloewesaké enggonné dol-tinoekoe barang kapreloewan. Moelané kadjaba dhoewit mas, Nagara ija jasa dhoewit manèh kang adjiné koedoe dipadhakaké karo mas, jaikoe dhoewit kang ginawé saka slaka.

Sabeneré pangadjiné dhoewit mas ikoe béda adoh banget karo slaka. Ewa samono rakjat diwadjabaké koedoe gelem madhakaké adjèn - adjèn loro maoc. Dadi dhoewit mas iki wis diloewesaké mawa slaka. (sanadjan arané standaard mas, kang dienggo ambabajar doedoe dhoewit mas). Lire : ngakèhaké dol-tinoekoe oetawa manèh ngakèhaké oebe-nging dhoewit. Soeprandéné tjara mengkonowa maoc isih dianggep koerang loewes, katitik Nagara maringi wewenang marang sawidjining bank kena ngetokaké dhoewit kertas. Pangadjiné dhoewit kertas kang diwetokaké déning bank maoc moeng sawatara thok kang koedoe disadhijani bebakalé. Sok mengkonowa wetoening dhoewit kertas ikoe prasasat wis nambahi tjatjahé slaka lan mas kang sabeneré.

Kadjaba kang wis kaseboet ing ndhoewoer maoc, jèn perloe, Nagara ija isih jasa dhoewit manèh. Para maos ngéngetana dhék djaman kretas tengahan, roepijahan lan ringgitan kang didjenengaké muntbiljetten.

Dadi sakèhing reregan ing ndhoewoer ikoe karepé moeng mrelokaké marang kéhing lira-firoening kapreloewan. Kang di-èsthi jaikoe redjaning nagara.

Dhoewit kita ikoe awoedjoed ringgit, roepijah, oekon, talèn lan kethip ginawé saka slaka, kelip saka nikkel, bènggol, sèn lan tengahan sèn saka tembaga. Sadjeroengé 26 September 1936 oekon lan talèn mas ikoe ija dhoewit kena dienggo ambajar. Oekon mas sidji dipadhakaké pangadjiné lan roepijah 10 idji = f 10,—. Nanging saiki wis ora kita anggep dhoewit.

Woes dakatoeraké ing ndhoewoer jèn panggawéné dhoewit ikoe katindakaké manoe pranatan. Dadi boboté lan isiné (gehalte) ija padha ditetepaké mawa pranatan. Oekon mas boboté 6.72 gr. isiné 0.900, roepijah slaka boboté 10 gr. isiné 0.720.

Mitoeroet katrangan ing ndhoewoer ikoe : Oekon mas 1 pangadjiné dipadhakaké roepijah 10.

Sok mengkonowa f 1,— ikoe pangadjiné dipadhakaké karo mas toelèn  $\frac{1}{10} \times \frac{9}{10} \times 6.72$  gr. = 0.6048 gr. Mangka sabeneré roepijah sidji, kang boboté 10 gr. maoc moeng isi slaka toelèn  $\frac{720}{1000} \times 10$  gr. = 7.20 gr.

Dadi nitik andharan ing ndhoewoer, regané mas 0.6048 gr. dipadhakaké karo regané slaka 7.20 gr. Jèn mengkonowa tetandhinganing regané mas lan slaka =  $7.20 : 0.6048 = \pm 11,9 : 1$ .

Regané mas toelèn ing Amsterdam (rega sawisé gouden stan-

**PADOSA INKANG**

**DJODHO . . . . .**

Njata jèn kathah sedhè-rék ingkang djodho moendhoet loterij dhateng koela, awit salebetipoen setengah woelan kémawon, wonten sadhèrèl: 5 ingkang angsal pris loemajan: f 500, f 100, f 500, f 2 50, f 100. Pantji inggih djodhon-djodhon. Pramila, tjobi koela atoeri moendhoet dhateng koela, mbokmanawi inggih saged djodho.

Saben woelan sadé loterij ageng, pris f 80.000 regl 1/10 lot f 1.25 ragad f 0.30, 1/4 lot f 3,— wewah ragad aangeteekend f 0.30.

Kintoenan postwissel dhateng koela :

**Soebandhi**

Kemlajan Sindoepradjan Solo.

Salebetipoen wonten perangan, prajogi kita ngaben begdja, sinten soemerep manawi ladjeng saes-toe ..... kabegdjan.

daard disowak) 1 kg. toelèn = f 2013.—. Mitoeroet tetandhingan maoe regané slaka mesthiné koedoe ana  $\frac{1}{11.9} \times f 2013.— = f 169,16.$

((A n a t j a n d h a k é).)

A. WIGNJOSOEHRDJO.



### NGISENI LAJANG PADJEG. Kaprijé amrih kepénaké.

NGISENI lajang padjeg ikoe ora gampang, lan ora sadhéngah wong bisa ngisèni kang bener lan terang.

Déné ngisèni lajang padjeg ikoe kang preloe dhéwé: kelawan temen, ora njalingkoehaké pemetoé kang mesthiné dilebokaké. Oepamané, prijadi kang doewé omah, jèn ngisèni lajang padjeg, lijané pemetoené anggonné njamboetgawé dadi prijadi oega koedoe diisèni pemetoené saka séwan omah ikoe. Mangkono oega jèn prijadi maoe salijané dadi prijadi oega njamboetgawé sambèn, oepamané njekel cooperatie sarana tanpa pitoewas, oetawa dadi agent levensverzekering, pametoé ikoe oega koedoe dilebokaké lajang padjeg.

Jèn ana pametoé kang ora dilebokaké, jèn konangan kantor padjeg, wong maoe manoet oendhang-oendhang padjeg pengasilan fasal 60, bisa kena di-oendhaki padjegé saka kekoerangané maoe sarana ditambahi 200% (navordering).

#### Oepamané mangkéné:

A. njamboetgawé dadi klerk ing sawidjining kantor dagang. Lijané ikoe njambi dadi agèn „Boemi-Poetera” lan njéwakaké omah. Ing lajangé padjeg pengasilan moeng diisèni pametoené anggonné njamboetgawé dadi klerk. (mbokmanawa batinné: „Kantor padjeg toh ora bakal ngonangi jèn akoe doewé pametoé lijané”). Padjegé diitoeng, oepamané: A. kena padjeg f 50.

Ora watara soewé kantor padjeg ngonangi jèn A. maoe doewé pametoé lija, (sebabé kantor padjeg bisa ngonangi iki akèh banget. Moelané sedoeloer adja sok goemampang).

Anggonné ngétoeng tambahan (navordering) kaja mangkéné: Pemetoené A. manoet lajangé padjeg: bajar lan pametoené lija-lija = H. (padjegé) f 50.—.

Kang ora dilebokaké: pemetoé saka anggonné dadi Agèn „Boemi Poetera” = y séwan omah m

goenggoeng h + y + m.  
padjegé mesthiné (oepamané) f 75.—

## LAJANG SAKA TETOEWANE P.P.B.B.

Nalika kita arep ngetokaké Lebaran-nummer, kita wis nampa lajang lan soembangsih saka ngendi-endi, saka para prijagoeng lan para penoentoen, mengkono oega saka pandjenengané toewan M. Soetardjo, pinitoewané Hoofdbestuur P. P. B. B. lan gedelegeerde ing Volksraad, kang misoewoer gambèn lan mrodjol selaning garoe, lan akèh lelabetané toemrap para prijadi B.B.



Soerasané lajangé nalika semana, kaja mengkéné:

„Ing wektoe iki, akoe moeng bisa ndedonga slamet sarta ngarep-arep, moega-moega weekblad pandjenengan iki anggajoch kemadjoewan ing sakèhing djoeroesan sarta bisa njokoepi kaboetoehané para maosé kabèh nganti maremake”.

Kanggo ngleksanani pamoendhoeté para maos kita sawatara kang kita oermati, saiki kita patjak isiné lajangé toewan M. Soetardjo kang gegajoetan lan metoéné P. S. kang mahargya lan mèngeti anané kongrés P. P. B. B. kang wis kepoengkoer. Ing ngisor iki paringé lajang toewan M. Soetardjo maoe marang hoofdredacteur kita:

#### DENGAN HORMAT,

..... Kami poedjikan kegiatan dan keradjanan toean dalam hal me-njoesoen nomor speciaal dari soerat kabar toean (kongres P. P. B. B. nummer), poen kami hargai pekerdjaan toean ini jang bagi P. P. B. B. berarti satoe sokongan moreel. Moedah-moedahan hal ini mendjadi lantaran akan tambahja abonnee toean dari kalangan prijadi bestuur. Dalam „Pemimpin” akan kami soeroeh moeat recensie dari soerat kabar toean”.

Wassalam

Voorzitter Hoofdbestuur P. P. B. B.  
(w. g.) M. SOETARDJO.

Nitik soerasané lajang loro iki, tjetha jèn sesamboengan kita marang djagad kaprijajèn, wiwit bijèn, panggah rapet lan soepeket.

Moega-moega ndadèkaké pamijarsané lan maremé kang kagoengan kaperloewan ing bab iki.

kang wis ditetepaké	f 50.—	f 75.—	saiki kapeksa mbajar goenggoeng keproek f 50.— + f 75.— = f 125.—. Apa iki ora kapitoenan banget?
kekoerangané dhendha (artikel 60) 200% × f 25.—.	f 25.—	= f 50.—	
navordering	f 75.—		

Dadi A. kang saopama anggonné ngisèni lajang padjeg maoe kalawan temen lan ngati-ati, mesthiné moeng kena padjeg kang ditampa roepa dhoewit o-

tawa roepa barang lija (hetgeen in geld of geldwaarde zuiver wordt genoten — (art. 6).

Pengasilan ikoe olèhé bisa saka:

a) onroerende goederen (barang kang ora obah), oepamané: saka pemetoené séwan omah, séwan tanah, tennisbaan.

Pènget: I omah kang dienggoni dhéwé dianggep pemetoé, jaikoe taksiran séwané omah koedoe dilebokaké.

II. Omah „huurkoop” dianggep wis dadi doewèké sing ngenggoni.

III. Jèn ana wong ngenggoni omahé wong lija tanpa mbajar (prodeo), wong sing ngenggoni maoe koedoe nganggep anggonné olèh manggon gratis maoe, pemetoé. Kang dilebokaké ing padjeg pengasilan, jaikoe, taksiran séwané omah maoe, saopama dhéwèké diwadjabaké mbajar séwan.

b) barang-barang obah (roerende kapitaal) jaikoe: aandeel-aandeel, effecten, renten lan lija-lijané.

Dadi renten postspaarbank oega kleboe.

Pènget: dhoewit kang doeroeng kena ditemtokaké kanggonné (tijdelijk niet belegde gelden) dikenakaké padjeg. Pemetoené saka dhoewit ikoe diitoeng 5%.

Oepamané: A. ing sasi December 1939 menang lot, tanpa resik f 7000.—. Tanggal 1 Januari 1940 A. isih bingoeng, apa dhoewit ikoe arep kanggo dagang, apa ditoekokaké omah. Dadi dhoewit maoe isih dianggoeraké dhisik (tijdelijk).

Pametoené A. saka dhoewit ikoe diitoeng  $5\% \times 7000 = f 350.$  Nanging jèn dhoewit maoe nijat ora dilakokaké selawasé, disimpen njang omah (nganti djamoeren) ja ora dikenèkaké padjeg. Jèn ditiipaké Bank, oepamané giro  $\frac{1}{2}\%$ , ja moeng kena  $\frac{1}{2}\% \times 7000 = f 35.—.$

c) pagawéjan (onderneming en arbeid) kirakoe ora perloe tak terangaké.

d) rechten op periodieke uitkeeringen, (oleh-olèhan kalakala), jaikoe oepamané: pensijoen, onderstand oetawa lijfrente, pawèwèh kang saben-saben adjeg lan jèn nganti léna kena diprekarakaké menjang pengadilán, (oepamané A. gawé akte notaris, jèn dhéwèké saben sasi mènèhi B. dhoewit kèhé f 100.—. Jèn A. c a mènèhi B., B. bisa golèk poetoesan pengadilán). B. koe doe nglebokaké pametoé maoe ing lajangé padjeg pengasilan.

Pengasilan a toemeka d ikoe koedoe dilebokaké kabèh ing lajang pitakonon padjeg pengasilan. Keprijé olèhé nglebokaké, lija dina — jèn redaksi nganggep preloe (Ja betjik, red.) — bakal tak terangaké kang nganti dawa.

Jèn sedoeloer-sedoeloer sawisé matja karangan ikoe roemangsa jèn anggonné ngisèni lajang pitakonon padjeg pengasilan isih ana barang kang ora dilebokaké awit saka koerang ngretiné (oe-

pamané kagoengan omah kang isih „huurkoop“ oetawa didalemi dhéwé lan sapanoenggalané), be-tjik énggal lapoer menjang kan-tor belasting, soepaja kena na-vordering kaja kang kaseboet ing

ndhoewoer maoe, nanging ora bakal kena dhendha 200%, dadi moeng tambah kekoerangané. Ana wong sing mikir: „Kantor padjeg doeroeng karoewan jèn ngonangi, preloe apa tak lebok-

aké“. Pantjèn jèn ora konangan ja ora bakal nemoé pakéwoeh apa-apa, toer padjegé moeng se-thithik, balik jèn konangan..... Wis saméné dhisik.

S. PRAWIROSOEDIRDJO.

teroesaké marang redactie „Economie Rakjat“ ing Betawi.

Sdr. abn. no. 26969 Solo: a kena, b ora kena.

Sdr. T j a k I e m Pati: Tjritatjekak sabisa-bisa moeng sapanangan-waé. Karanganmoe ora bisa kapatjak, awit kedawan jèn kanggo tjrita tjekak, adja gerah panggali.

Sdr. Kartowijoto, M e r g o r e d j o: Djenengé lelara ikoe wis kaprah di-arani mengkonono. Kirakoe perkara moeng sepélé. Adja gerah panggali.

Sdr. abn. No. 26603 Tanggoel: ora perloe.

SAKA ADM.

Abn. 13097 Djember. I Ora olèh. II Kena:

Abn. 14918 Djoewana. Wis katampalan bèrès.

Abn. 15578 Madioen. Wis katampa.

Abn. 12368 Tegal. Tahoen 1939 wis joenas.

Abn. 30014 Bandjarnegara. Ora nganakaké agent.

Sdr. S. Boedihardjo ing Margasari. Ora kena.

*Beroentoeng sebab badan sehat!*

PILIH LAH DJAMOE „TJAP AJAM“ JANG SOEDAH TERKENAL 21 TAOEN LEBIH. MANDJOERNJA LOEAR BIASA, HARGA POEN SANGFT RINGAN.



DJAMOE-INDUSTRIE  
**POA TJONG KWAN**  
WONOGIRI — JAVA  
SEDIA PRIJSCOURANT COMPLEET.

Bisa dapat beli pada:  
BATAVIA - C.: Kramat No. 50; BANDOENG: Tjibadakweg 74 C.;  
SEMARANG: Karangtoeri 150 C., Kaoeman No. 21; SOLO: Singosaren No. 134, Pasar Legi (Toko Templek); SOERABAYA: Sonqojoedan 118.



SAKA REDACTIE.

Sdr. D o e t o Malang: Ora bisa kapatjak. Koerang greget.

Sdr. M o e s Solo: idem. Koerang nges.

Sdr. R e d j o Djokja: idem.

Sdr. E s e m h o e d B e a: idem.

Sdr. S o e h a r d i Soemberdjo Malang: Sabar dhisik. Lajangmoe kita

INGKANG NGEDALAKEN J. B. WOLTERS  
GRONINGEN — BATAVIA-C.

W. J. S. POERWADARMINTA  
*kabantoe*

C. S. HARDJASOEDARMA  
*lan*

J. CHR. POEDJASOEDIRA

**BAOESASTRA DJAWA**

Inggang kanggé antjer-antjer serat baoesastra djawi -, walandi karanganipoen

Dr. T. H. PIGEAUD

Djilidanipoen saé, samakipoen kandel, reginipoen . . . . . f 5.60

Nerangaken tegesing temboeng-temboeng Djawi, Kawati, paribasan, saloka, temboeng enggèn-enggènan lsp.

Isinipoen sakalangoeng pepak, njekapi kabetahan; kateranganipoen ringkes toer tjeta.

Toemrap para goeroe, para prijantoen inggang sami nengenaken we-waosan, poenapa déné marsoedi basa Djawi, serat Baoesastra poenika ageng sanget goena paédahipoen.

Manawi ngresakaken, koela atoeri kintoen postwissel roemijin dateng J. B. WOLTERS U. M., Scottweg 5, Batavia Centrum.

Wragad ngintoenaken boten dipoen-étang.

KATERANGAN TEGESING TEMBOENG-TEMBOENG  
(BAOESASTRA TJILIK)

W. J. S. Poerwadarminta.

Baoesastra Djawi alit, isinipoen tjoeplikian saking Baoesastra inggang ageng, dipoen pilih temboeng-temboengipoen inggang preloe-preloe kate-rangaken tegesipoen.

Sanadjan woedjoedipoen alit, isinipoen pepak njekapi. Boekoe poenika prajogi sanget kanggé tjetejanganipoen para goeroe ing pamoelangan andap, para inggang sami ngoedi basa Djawi, moerid-moerid ing pamoelangan ing-gang sami sinaoe hasa Djawi, koersoes goeroe pamoelangan kawoela lsp.

Djilidanipoen saé, samakipoen kandel, namoeng regi . . . . . f 0.90

wragad kanggé ngintoenaken . . . . . f 0.09

Sinten inggang ngresakaken, koela atoeri kintoen postwissel à f 0.99 dateng J. B. WOLTERS U. M., Scottweg 5, Batavia-Centrum.

INGKANG NGEDALAKEN J. B. WOLTERS  
GRONINGEN — BATAVIA-C.

DR. TH. PIGEAUD  
JAVAANS-NEDERLANDS  
HANDWOORDENBOEK

Serat Baoesastra poenika panjeratipoen mawi aksara Latin, oeroet-oeroetaning aksara inggih kaloegokaken mitoeroet sastra wjandjana Latin. Temboeng-temboeng inggang mawi ater-ater kénging dipoen padosi ing golongan aksara-nipoen wiwitan ater-ater waoe, oepaminipoen KATJILAKAN kénging dipoen padosi ing golongan aksara k, PAMÉMÉAN kapadosana ing golongan aksara p lsp. Inggang makaten waoe nggampilaken anggènipoen madosi temboeng poenapa kémawon inggang kesrambah ing seratan oetawi ing pawitjantenan, boten soesah madoci lingganipoen roemijin.

Kadjawi poenika dapoekanipoen Baoesastra énggal poenika wonten béda-nipoen kalijan baoesastra-baoesastra inggang sampoen-sampoen. Inggang kawrat ing Baoesastra énggal, inggih poenika:

- 1e. temboeng enggèn-enggènan (dialekt);
- 2e. temboeng-temboeng inggang asring kesrambah wonten ing hoekoem adedasar adat, pranatan pangrèh pradja, agami lsp.;
- 3e. temboeng-temboeng énggal inggang sampoen kalimrah kanggé ing sesra-woengan oemoer sapoenika sarta ing kalangan politiké;
- 4e. temboeng-temboeng „kawi“.

Menggah agengipoen serat Baoesastra waoe sami kalijan baoesastra-baoesastra sanès inggang koela wedalaken; kandelipoen 624 katja.

Katahing temboengipoen wonten 40.000; kadjawi poenika oegi wonten kateranganipoen temboeng-temboeng andahan sarta paribasan.

Reginipoen namoeng . . . . . f 5.—

Manawi ngresakaken, koela atoeri kintoen postwissel roemijin. Wragad kanggé ngintoenaken boten kaétang.

NEDERLANDS-JAVAANS  
HANDWOORDENBOEK  
SAWEG DIPOEN TJAP.


INGKANG NGEDALAKEN J. B. WOLTERS  
GRONINGEN — BATAVIA-C.

INGKANG NGEDALAKEN J. B. WOLTERS  
GRONINGEN — BATAVIA-C.



**KAWARASANING OMAH.**  
Pepadhang lan penganggo.

**PANGGONAN** ing omah oetawa ing senthong kang tjoe-koep padhangé, toemrap mripat bisa anda



dèkaké kepénak kanggo pandelengan, kosok baliné jèn sawidjining panggonan koerang


padhang oetawa peteng kanggo pandeleng, dadi soeda koerang kepénak; manawa kang mengkonno ikoe kebandjoer-bandjoer ing mripat bisa dadi roesak, sabandjoéré koewarasané wong kang roesak mripaté maoe, mbandjoer bisa owah oetawa boebral. Padhanging srengéngé ikoe bisa njegah oeripé kroema oetawa kéwan lemboet-lemboet; jèn ing panggonan kang peteng, oeripé kéwan lemboet-lemboet maoe bisa betjik, tangkar-toemanykaré kanthi gampang (ngrebda).

Padhanging lampoe petroleum oetawa lijané koedoe kang tjoe-koepan, wong noelis oetawa matja toelisan koedoe bisa katon

tjetha, lampoe lenga pèt ikoe ceprip oetawa oeroebé adja nganti nglanges (walmen). Manawa lampoe nglanges lawané mbandjoer ngandhoet koolzuur akèh; ora prajoga (betjik) oetawa ambebajani wong waras anjerot hawa reged kang ana koolzuuré ikoe.

Loemrahé wong ikoe kang akèh manggon oetawa lèrèn ing omah, awit ing ndjaba kepanasan; jèn ing mangsa oedan kodanan, loewih-loewih ing wantji bengi koedoe lèrèn oetawa toeroe ing ndjero omah; dadi omah maoe koedoe ditata, soepaja hawa kang reged ing ndjero omah bisoa metoe diganténana hawa kang resik saka ndjaba. Manawa senthong kang dienggoni toeroe sawengi tansah ditoetoep rapet, ora ana bolongané kang tjoe-koep kanggo metoe lan mleboené hawa, wong kang manggon ing kono gampang banget kataman ing lelara, awit wong maoe enggonné ambegan ing wajah bengi ing wektoe toeroe ora olèh hawa resik kang tjoe-koep.

Ing djaman bijèn, 150 taen kepoengkoer, ing tanah Hindhoe ana wong oekoeman 120 dilebok aké ing pakoendjaran kang ora ana djendhélané, moeng bolongan djendhéla tjilik lan tjijoet bangét; ing wantji bengi kedjaba lawang, bolongan maoe oega ditotoep rapet. Bareng ésoek-ésoek pakoendjaran diboekak ketemoe 91 wong oekoeman maoe goemléthak padha mati, sing lijané isih oerip, nanging padha lara pating kalentrih, ora bisa nggoelawat. Déné sebabé ora lija merga hawa ing pakoendjaran kang ora ana dalam hawa dieng-



Para warga lan pengoeroesing pakoempoelan Persatoean Pegawai Escompto Magelang (Perspeptom), kang padha ngoodi betjiking economic (ing wel toe iki lagi ing kalanganing wargané dhéwé) sarana nglakokaké Crediet- lan Verbruikscooperatie. Madeg dhék tg. 28 Juni '39. Ing sadjroning 6 sasi bisa ngoebengaké dhoevit f 140. Loenggoeh saka kiwa: T. Marsahid (Penoelis), tn. Koesman (Ketoea) lan toewan Atmowidjojo (Hartaka). (Kw. No. 27324, 21802 lan 14999).

goni toeroe wong akèh maoe, hawa koolzuur kang diwetokaké wong-wong ikoe ora bisa metoe, hawa saka ndjaba ora bisa mleboe, moel-né hawa kang reged ing pakoendjaran dadi wisa.

Kadjaba ikoe adagé omah ikoe saoleh déh koedoe ing panggonan kang lemahé dhoevoer, garing lan padhet, ora (adja nganti) ing panggonan kang lemahé ledhok ngandhoet oetawa ing lemah kang ngandhoet gas kang ala oetawa mamboe.

Ing sandhoening badané wong oetawa kéwan ikoe ngandhoet hawa panas kang kahanané bisa adjeg ora owah-owah sanadjan ing sandjabané badan hawané lija ora tetep, sadhéla panas sadhéla adhem; éwadéné panasé badan wong bisa tetep adjeg; ananging saréhning kabèh kahanan ing ngalam donja ikoe mawa wates, oetawa kosok baliné ikoe tekané dadakan, badané wong, loewih-loewih kang ringkih, koewarasané bisa oega owah dadi lara.

Sandhang penganggo ikoe kena katemboengaké koeliting wong kang angka loro, minangka warana oetawa aling-aling.

Kandel tipisé sandhangan ikoe goemantoeng saka adhem panasing hawa ing panggonan kang dienggoni wong maoe, kaja kang wis kaseboetaké ing ndhoevoer.


Sanadjan wong manggon ing panggonan kang adhem oetawa panas, panasé badan wong bisa tetep baé ora owah. Terangé mengkéné: kajata panggonané wong Eskimo tjedhak Noord Pool, wong Afrika ing Afrika kang béda panasé panggonan maoe ana 45°C., éwadéné panasing badané wong Eskimo, oetawa wong Afrika normalé padha baé.

Perloené sandhangan dianggo wong ikoe, sapisan kanggo noetoepi oetawa ngaling-alingi badané (boewang saroe), kaping pindhoné kanggo mernata oetawa andjaga metoené panas saka

sadjeroné badan, anjandhet adja nganti kringet toemoeli énggal garing; awit wong jèn menganggo, panasé badan ora bisa énggal ilang oetawa ilangé tambantamban, dadi bisa loemintoe wetoené panas saka sadjeroné badan maoe, satemah badan ora krasa adhem dadakan. Tjekaké sandhang penganggo ikoe kang betjik, koedoe bisa ngalang-alangi sawatara wetoené panas, adja nganti panas énggal ilang, awit manawa wetoené panas saka badan menjang ndjaba maoe dadakan (plotseling), badan ora bisa énggal ngganti oetawa njoendhoeli panas kang entèk oetawa ilang dadakan maoe, satemah badan mbandjoer bisa lara.

Sandhangan oetawa penganggo wol oetawa flanel jèn dienggo bisa gampang penjeroté hawa kang panas lan oewab banjoe kringet. Nanging enggonné ngoewabaké oetawa ngetjoelaké marang hawa saka sethithik, dadi béda karo linnen kang ora sapiroa enggonné njerot oewab panas saka badan, nanging rada énggal enggonné ngoewabaké oetawa ngetjoelaké marang hawa; moela wong kang nganggo linnen ing badan krasa adhem, loewih-loewih jèn kena teles oewabing kringet oetawa kena banjoe, ing badan saja krasa adhem banget, jèn nganggo wol adhemé ora sapiroa.


Kedjaba mengkono penganggo oetawa sandhangan kang reged koedoe diresiki, dikoembah ing banjoe panas mawa saboen. Jèn ora nganggo banjoe panas, koembahan ikoe ora bisa énggal resik; cepama penganggo kang reged maoe kesoewa dianggo, bisa ngalang-alangi metoené re-reged oewab oetawa kringet lan lijané ing koelit ora gampang. Satemah badan mbandjoer gampang bisané kena lelara. Ing panggonan kang ana mangsané hawa adhem bedhidhing (winter), wong kang ora doewé (mlarat) sandhangan oetawa penganggo



Soga toea, mori haloes, tjorak menarik, harga moerah, tjocema f 29,50 per codi, lain ongkos kirim.

2 potong kain pandjang, ongkos kirim dalam tanah Djawa .....	f 0,45
loear tanah Djawa .....	f 0,65
3 sampal 8 potong .....	f 0,65
9 " 14 " .....	f 0,85
15 " 28 " .....	f 1,25
15 " 28 " .....	f 1,85

Djoega mengelocarkan segala matjam batik jang mempoeaskan.



Kleur dan model matjam, symboli groedo atau al-Islam dan Moehammadliah. Wajang: Werkoeoro dan Ngamarto. Harga RECLAME à f 0,50 oeing doeloe. Sanggoep bikia lain model. SEDIKITNJA 1 CODI. Loear Indonesia ongkos lain.

**BATIK INDUSTRIE  
S U C C E S  
D J O K J A.**

rangkep, ora bisa énggal diresiki, awit ora doewé salin, ing kono wong-wong maoe kerep kataman lelara ing koelit oetawa lelara lijané ing badan, djalaran koelit kang ora bisa resik ikoe bolongané (poriën) mbandjoer kabonton déning kringet maoe, moela ija rereged kang tansah bisa anoelaraké lelara warna-warna ikoe.

DR. R. SOEMODIRJO.

O e n g a r a n .



PAMARDINING POETRA.  
Wawasan sawatara.

—o—  
PARA ahli pendhidhik ora kendhat enggonné ngoedi soepaja para poeta olèh panggoelawenthah sing sabetjik-betjiké, soepaja mbésoek dadi wong kang betjik boediné. Moela pantjèn iki sing dadi eneré panggoelawenthah. Déné tjarané roepa-roepa, ndeleng kahanané.

Gegajoetan karo iki para ahli ilmoe djiwa (psychologen) bandoer pada niti priksa kaprijé moenggoeh kahanané djiwané botjah. Woesanané padha netepaké jèn djiwané botjah ikoe oendha-oesoeké béda-béda, mitoeroet oemoéré. Dadi jèn kita

madhakaké botjah tjilik panemoe né padha karo wong toewa, temtoe salah. Botjah oemoer enem tekan woloe taoen oepamané, djiwané wis béda karo botjah oemoer woloe tekan sawelas taoen, apa manèh karo wong toewa. Botjah kang isih tjilik ikoe megaré awake loewih énggal tinimbang karo botjah kang wis rada gedhé, mangkono oega djiwané.

Mitoeroet L. Baden Powell, moenggoeh kahanané djiwané botjah ikoe kaprintji:

6—8 taoen—Fantasi, jaikeo seneng nggegana, dedongèngan, 8—11 taoen—Oengkoel-oengkoelan (Wedijver), kang dipikir moeng awaké dhéwé, 11—15 taoen—Rasa sesrawoengan, (samenwerking).

Jèn kita tandhing, botjah kang lagi oemoer 8—11 taoen, wataké béda karo botjah oemoer 11—15 taoen. Botjah sing kaseboet mboeri (11—15) wis doewé rasa njamboetgawé bebarengan, toewoeh rasa-rasané kang aloes, lan wiwit bisa doewé rasa mèloe seneng jèn kantjané nemoe kasenangan. Béda karo botjah sing lagi oemoer 8—11 taoen, kang dipikir loewih dhisik awaké dhéwé. Dhèwèké seneng banget jèn bisa nandangi samoebarang gawé tanpa pitoeloengan, bisa gegawéjan dhéwé, mbandjoer bisa mamèraké kabisané.

Ewa semono pikirané kang sabagéjan akèh isih seneng ngantha-antha. Mengkono oega watak drembané tansah katon. Dhèwèké kepéngin ndoewèni barang-barang, nanging ora gelem mènèhi. Kadjaba ikoe isih akèh manèh kaloepoetan - kaloepoetan

# „JAVA VOLKSBANK“

COMMANNHTAIRE VENNOOTSCHAP

HOOFDKANTOOR: BANDOENG.

OPGERICHT IN JUNI 1938.

Oentoek memboeat ROEMAH atau membeli TANAH (milik d.s.l.)

Dengan simpanan tiap-tiap boelan:

f 1.— oentoek pindjaman f 500.—

f 1.50 " " f 750.—

f 2.— " " f 1000.— d.s.t. sampai f 10.000.—

Angsoeran f 2,50 boeat tiap-tiap f 500.— (TIDAK PAKAI RENTE).

Waktowé mendapat pindjaman SELEKAS-LEKASNJA SATOE TAHOEN menoeroet djasa simpanan. Kalau tidak teroes oeng dikembalikan.

Bankier: NEDERLANDSCHE HANDEL MIJ. (FACTORY).

Djagalalah roeman tangga toean sebaik-baiknja.

Rakjat jang bersemangat mendjaga bentoek hari kemoedian.

Soerat-soerat dan keterangan-keterangan:

BALONGGEDEWEG 25) BANDOENG.

LANDRAADWEG 3)

Ditjari agent<sup>2</sup> dengan peratoeran jang tentoe menjenangkan.

sing ala-ala, nanging kang oega ora angèl tambanané. Moeng waé kita koedoe ngati-ati, waspada, kaprijé enggon, kita bisa marasaké sarana dalan sing betjik. Iki satemené sing diarani nggoelawenthah ikoe.

Kang akèh-akèh jèn wong toewa pirsas poetrané gawé kaloepoetan, oepamané moerka, bandoer waé katindhes, soepaja adja nganti moentjoel manèh, kapok. Nanging ora pirsas jèn kang ditindhes oetawa diperkosa maoe bakal semi, moeng waé golèk dalan lija. Botjah maoe sangsaja ndadi enggonné moerka, goroh lan sapanoenggalané, mbandjoer éthok-éthok sadjaké dadi botjah kang alim (schijnheilig).

Botjah tjilik ikoe jèn tjrita samoebarang, seneng banget jèn ngoendhakaké, moewoeh-moewoehi, nganti tanpa disengadja dadi akèh gorohé. Pakoelinan kang mengkono ikoe betjik énggal dimarekaké, awit jèn kebajtoet bisa dadi nemen.

Jèn oepamané kita soemoeroep botjah kang goroh, betjik adja disrengeni apa manèh dioekoem, moeng kita toedoehi jèn kita ora bisa diapoesi. Terkadhang tjoekoop digegojoe waé oetawa diëntjepi. Manawa ing lija dina diambali goroh manèh, disindhir-sindhir, jèn enggonné goroh sing dhisik kita isih doeroeng lali. Iki oega sawidjining dalan kang betjik lan bisa makolèhi Nanging kita koedoe ndjaga, adja nganti kaloepoetan-kaloepoetan kang oewis-oewis dioendhamana. Kita koedoe noedoehaké kapertjajan kita.

Kanggo ngilangaké watak moerka, botjah kita woelang mènèhi barang-barang njang lijan.

Botjah tjilik ikoe loemrahé ora bisa anteng, pantjèn wis kodraté. Ora ana botjah sing waras awaké bisa loenggoeh anteng 10 menit. Déné sebabé, marga raga lan djiwané botjah maoe lagi toewoeh, mboetoehaké polah. Moela betjik banget jèn botjah-

botjah maoe padha dioembar peplaion, geloetan, djogèdan ing ndjaba.

Kaja kang wis kaseboet ing ndhoewoer, botjah oemoer 8—11 taoen ikoe doewé watak bengis, oetawa sija. Watak mengkono ikoe jèn botjahé wis ngantjik alam lija (11—15 taoen) saja soeda, woesana ilang.

Nanging kita ora kena mbandjoer meneng waé, awit kebajtoeté malah dadi wong kang ambeg sija.

Kadjaba ikoe, kahanan lan kiwa tengen (omgeving) ikoe oega andajani marang wataké botjah. Botjah loro, sing padha toewané, padha pengadjarané, sidjiné oepamané dipanggonaké ing dalemé prijaji kang djembar, gedhé sarwa resik, pakoempoelané botjah kang betjik kelakoewané, mbandjoer sing sidji dititipaké wong kang omahé lethek, remboegé roesoeh tanpa tatakrama, sesrawoengané karo botjah oerakan, pating kloejoer oeroet dalan. Apa botjah loro wataké bakal padha? Mesthi ora.

Moela bab iki oega perloe koedoe kita wigatèkaké, awit botjah tjilik ikoe seneng tiroe-tiroe. Jèn ing ngomah sing ditiroe tandang - tandoek lan remboegé wong toewané, jèn ing ndjaba sapa sing dikoempoeli. Wong toewa jèn remboegan karo anak koedoe ngati-ati, ora kena ngarem-arem botjah sarana digorohi. Jèn kita oepamané djandji marang botjah, mesthi koedoe kita tetepi. Adja dikira, ambakna wis kaslimoer njang barang lija botjah maoe bakal lali njang apa sing didjandjekaké. Iki satemené ora mangkono. Sanadjan wis sadina, rong dina oetawa teloeng dina, botjah maoe éling manèh, mbandjoer nagih apa sing didjandjekaké. Moelané jèn kira-kira kita ora bisa netepi, loewih betjik adja djandji apa-apa.

SOEDOMO.



„Vestzakslagschip“, kapal slag Djerman kang tjilik golongané „Admiral Graf Spee“ kang kapeksa dikremaké ing Montevideo merga ora tjoekoop waktowé kanggo ndandani, sawisé bandajoeda karo kruisers Inggeris 3, mangka ana ing samodra diadhang déning kapal-kapal Inggeris kang loewih gedhé.



## TAWANGMANGOE.

(K i n a n t h i).

Kanthi hardajaning kajoen, kajoengjoen ajoen ngajati, mangrip-ta winoring sekar, mangka pangrengga mantesi. Tawangmangoe hoedyanendah, dadi donandon kekaring.

Rekasa meksa loemoeroeg, ré-réjongan oeroet margi, minggah mandhap moedhoen djoerang, djero tjeroeng seroeng soengil, ngarèkèl kongkoelan karang, nekak - nekoek nganan ngèring.

Ingoengak saking poepoenthoek, pethaning margi ngèmperi, sawer sawa ngéwas lampah, lénggak - lénggok anglamlami, pethité soemoesoepp djoerang, mantjoengoel kananing trebis.

Ngambah lambuenging loeloengoe, naritip noeroet ing tepi, pèpèrènging djoerang parang, nandjak sisiloeking hardi, datan dangoe sampoen prapta, Tawangmangoe sing winarni.

Nihanta kang Tawangmangoe, doemoenoeng lambuenging woekir, iring kilèn Lawoe harga, moenggoeh sanget angrenggani, mangka moesthikèng antjala, saking asri tinoepèksi.

Sesawangan angelangoet, kèbèkan kang sarwa - sarwi, karja resep sreping drija, jajah moenggwèng sawarga di, winimboeh asreping hawa, njejeri lahir lan batin.

Tinon sing mandrawa patoet, pantesé taman sakethi, kinothak-kothak pepanthan, dèn edegi dalem adi, pirang - pirang pasanggrahan, hotèl - hotèl tan akari.

Rinoempaka pinapatoet, winangoen manèka warni, rinenggarèngga prajoga, kinoebangan hoedyana di, ingéndah sawarènging sekar, sesekaran roepiroepi.

Pinoedjoe nedhenging oesoem, sekar megar mekrok sami, moebjar moeroeb awarata, tanpa wilang jèn winilis, kwèh wernaning roepa warna, wèh praba prabawèng woekir.

Samirana midit seloer, boejar ganda sari - sari, amrik aroem amangambar, ngèbeki loengoe-ring hardi, sirna roedah roentiking tyas, sanétyasa soekèng kapti.

Marmané pra djanma sagoeng, kang nedheng kekaring ngriki, kirang sisah kamboeh boengah, ngoembar karsa ing sakarsi, salong lédhang nitih koeda, poeter - poeter angideri.



Kang kena matjak kabar koelawarga ing kéné, moeng mligi para abonné's lita waé. Pamatjaké tanpa bajar sarta koedoe nerangaké nomering abonné kang kas pasang ing adresband.

## LAHIR KANTHI SLAMET:

1. M. Herry Soebrijanto, poetrané wara lan wira M. Soetjipto Modjoroto Kediri, adhiné M. Singgih Sastroedjono kw. no. 16265 nalika 1 Febr. djam 4 soré.
2. R. r. Moedjiah, poetrané sdr. Kartoatmo kw. no. 29146 nalika 12 Febr. djam 3 awan ing Magersari Magetan.
3. Soerjadi, poetrané sdr. Soewarto sekalijan kw. no. 15000 nalika 18 Febr. djam 10.15 ésoek ing Beran Randoeblateng.
4. Moelianingsih, poetrané M. Prawirodirjo sekalijan kw. no. 2678 nalika 17-18 Febr. ing Bondowoso.
5. Erdi Hendrarto, poetrané wara lan wira Djama'il sedoeloeré toewa Ni Soeratmi kw. no. 27240 nalika Senèn Kliwon 19 Febr. ing Kp. Tengah Kalisat.
6. R. A. Sri Darinah, poetrané R. M. Darono kw. no. 21794 nalika 21 Febr. ing Josodipoeran Pasar Kliwon Solo.
7. Roejadi, poetrané Siswosoekarto poetrané Adham Thomas kw. no. 24423 nalika Kemis Pon 22 Febr. djam 11 awan ing Rewoeloe Djokja.
8. R. r. Adiati, poetrané mevr. Soedarno kw. no. 26935 nalika malem Senèn Paing 26 Febr. djam 12 bengi ing Cheribon.
9. R. r. Soeti Andajani, poetrané R. Kartodirjo kw. no. 17529 nalika Ahad Legi 25 Febr. djam 11.30 awan ing Kedoengkamal Koetoardjo.
10. Marjadi, poetrané sdr. Soemarjono sekalijan kw. no. 28278 nalika Saptoe Paing 1-2 Maart djam 3 ing Tolbrughinnen Mr. Cornelis, Ngatoeraké pamoedji rahardja.

## NAMBOET SILANING AKRAMA:

1. Koestiati, poetrané kw. no. 20442 dhaoep lan Soemarsono Sosrosandjojo, adhiné kw. no. 13013 nalika 4 Febr. ing Merakstr. Serang.
2. R. r. Soedjiah dhaoep lan R. Soeradi Borneostr. 12 Madioen, nalika 22 Febr. ing Sragèn, poetrané R. Tirtoatmodjo kw. no. 6611, Borneostr. 12 Madioen.
3. Soeparti, kw. no. 28770 dhaoep lan sdr. Soesatyó nalika 28-29 Febr. ing kp. Pandéan Lampér Lor Semarang.
4. Marhani Noorpatonah dhaoep lan Abdullah Pekih, poetrané H. M. Dachlan Noor, krabaté kw. no. 11297 nalika 3 Maart ing Soerabaja. Ngatoeraké kasoegangan.

## TINGGAL DONJA:

1. R. Ngt. Djajengwisastro, iboe marasepohé sdr. Soetarman kw. no. 27908 nalika 2 Nov. ing Betawi.
2. Soeharto, poetrané wara lan wira S. Soediro pernah wajahé sdr. Karto-wirjo kw. no. 28042 nalika 15-16 Febr. djam 2 ing Leger des Heils Soerabaja.
3. M. Soenardi, beambte pandhuisdienst Bantool Dk., kw. no. 23114 nalika 23-24 Febr. ing C. B. Z. Semarang.
4. Radèn Ajoé Prodjotani, iboe marasepohé R. Reksomardjojo kw. no. 27622 nalika 26 Febr. djam 2 bengi ing Kategoehan Bojolali.
5. M. r. Moeljatoen, poetrané sdr. M. Sastroprawiro sedoeloeré kw. no. 18021 ing Soerodakan Trenggalék nalika 28 Febr. dina Rebo Wagé.
6. Domas (B. Karjo) embah maratoewané Kahono kw. no. 28177 nalika Kemis Kliwon djam 4.30 ésoek ing Malang.
7. Ngamini, poetrané sdr. Tasmidjan kw. no. 18340 nalika malem Djoemoewah Legi djam 10.30 29 Febr. ing kp. Perbalan Poerwogondo Semarang.
8. R. r. Siti Poernomosasi, poetrané adverteerder kita R. Reksodipoetro Plampitan, nalika malem Saptoe Paing. Ngatoeraké béla soengkawa.

Wenèh ana roentoeng - roentoeng, nètèr dahan joen oedani, waterval tirta dhoemawah, miwah wonten sing oemandjing, sport park langkoeng pélak, pepak prabot kang kinapti.

Lelangen langèn ing ranoe, tirta wening andjaladri, tan dohi ana bebandhoelan, papan badminton lan tennis, bal - balan lan oelah raga, gonta - ganti ing sakti.

Ngolah - ngalih kang linoeroe, mamèt kaleganing ati, katon ana ngambil sekar, salong ana sing moeng linggih, lengoek - lengoek anggardi, èngèt kawasèng Hjang Widdi.

Datan telas jèn winoewoes, sesawangan kang sarwa sri, Tawangmangoe woes ingaran, rangoe - rangoe ngoengak langit, marmá pra Sri Soerakarta, atrap pasanggrahan adi.

## DARMODJO.

- o -

KAPINTERAN KANG  
ORA DIAMALAKÉ  
PEPINDHANÉ KA-  
JOE GEDHÉ KANG  
ORA ANA OEWOHÉ,  
KOERANG PAÉ-  
DAHÉ.



## SAKA REDACTIE:

Sdr. Soepardi Bandoeng: Tjrita tjekak ora bisa kapatjak.

Sdr. "Tjètrèkan ngoembara": Karanganmoe bakal kapatjak ing Swara Poetra Tama.

Sdr. Basoeki Soerabaja: Babad ora bisa kapatjak.

Sdr. Max Mu: Leloetjou idem, Koerang nges.

Sdr. Kalagetana: idem.

Sdr. Tjak Kar: idem.

Sdr. t. S. Mahasana Djokja: id.

Sdr. Soeprajoe da: idem.

Sdr. Joedokenoko: Feuilletou ora bisa kapatjak.

Sdr. Djabloed Bandjarnegara: Matoer noewoen bab anggon pandjenengan merlokaké ndjarwakaké karangan ing basa Inggris ikoe, nanging adja ndakaké panggalih, s.k. kita ora doewé rubliek kanggo ngemot karangan kajoedéné kang pandjenengan kirimaké. Ièn gawé karangan kanggo P. S. kita atoeri ngèngeti rubriek.

## SAKA ADMINISTRATIE:

Abn. 26692 Genteng: Wis katampa.

Sdr. R. Siswadi ing Pekalongan: Jèn kirim lajang oetawa postwissel adja kesoepèn njeboetaké nomeré abonné, soepaja bisa énggal kita oeroes. Kiriman dhoewit 3 x kaseboet reu saka post nomer lan tanggal pira?

Abn. 29545 Tjaroeban: Wis katampa.

Abn. 28878 Batavia-C.: Wiwit kw. ngarep ora dianakaké korting manèh, toemrap abonné kang ngrangkep S.O.

Abn. 29173 Mr. Cornelis: Kirim teroes menjang Poestaka Nasional, II. Ora olèh. III. P.S. ora nganakaké agent.

Abn. 20947 Buitenzorg: Ora olèh potongan.

- o -

## WARA-WARA-WIGATI.

## Boekoe Hollandsch-Maleisch

Zonder Goeroe, tjap-tjapan kang kapindho wis rampoeng. Isiné kadjaba pasinaon basa Walanda, tjoekoop ing dalem sasasi, toer wis nganggo Woordenboek (Holl.-Maleisch) isih katambah manèh kajata:

1. Sollicitatiebrieven = soerat oentoek menglamar pekerdjaan.
2. Klachtbrieven = soerat pendakwaan.
3. Huurovereenkomsten = soerat perdjandjian hal sewa menjewa.
4. Nieuwjaarswenschen = soerat poedjian selamat pada waktok hari raja.
5. Machtiging = soerat pemberian koewasa, lan isih akèh manèh, kang perloe banget toemrap oerip bebrajan. Moela énggal moendhoeta, marang

## R. SOETRISNO

Djagalan 3/32 Soerabaja,  
Rega moeng f 1,11 (karo ongkos kirim).




**BOTJAH PINTER.**

Pak Karto: „Dar, goléka oekara tjrita!“  
 Soedara: „Sapi nggèrèd grobag!“  
 Pak Karto: „Bagoes! Saiki gawéne pangagna oetawa pakon.“  
 Soedara: „Her! Gijak! Gijak! Ajo mlakoe“.


**BAB NJILIH.**

Pak Tomo: „Gawéja oekara bab „njilih“, kajata: „Nabok njilih tanga.“  
 Kasana: „Boetoe dhoewit njilih gadhèn.“  
 Soebir: „Njilih dhadhoeng ka-toetan kebo.“

Sjt.



*Kapal Inggris „Achilles“ kang bebarengan karo „Exeter“ nggropjok kapal Djerman „Admiral Graf Spee“, ing Amerika Kidoel. Dadi paprangan ora moeng ana ing Europa lan iig dharatan waé, nanging oega ing samodra sadjabané Europa, malah terkadhang oega iig segara kang kleboe wengkoné pradja neutral barang.*



**BOEKOE-BOEKOE.**

„Nangkaraké wedhoes“ rega f 0,36, saka Balé Poestaka, Batavia-C.  
 Nerangaké bab pratikelé ngingoe wedhoes nganggo dhedhasar kawroeh. Moe-rih tjetihané mawa dikanthèni gambar-gambar.  
 Ngingoe wedhoes ike ora moeng kanggo panggaotan sambèn waé. Mitoe-roet kejakinané kang ngaanggit boekoe ike oega kena kanggo panggaotan ba-koé.

Saka betjiké boekoe iki, nalika metoe, Balé Poestaka toemoeli tanpa toelisané Assistent Resident ing Brebes, kang soe-rasané ndjalok soepaja boekoe kang maédahi mae dipertal ing basa Soenda, djalaran bangsa Soenda ija perloe njoemoeroepi.

MESKIPUN KITA SOEDAH TJOEKOEK SENANG TETAPI POLIS DARI O.L.M. GOENA PRALAJA BELAKANG ADA

Mendjadi anggota (verzeerde) dari O. L. Mij. „Goena Pralaja“ berarti mempenjai pendjagaan pada diri dan keloearga sendiri jang temtoe dan santausa oentoek hari kemoedian.  
 Maka ambillah polis (mendjadi verzeerde) dari O. L. Mij. „Goena Pralaja“.  
 Tarief-tarief oeng sokongan (uitkeering) dari f 10.— sampai f 1000.—  
 Mintalah keterangan kepada agent-agent atau kepada Hoofd-kantoor kita.

**O. L. Mij. „GOENA PRALAJA“ Hoofdkantoor — Jogjakarta.**  
 Ditjari agent-agent djoega dimana-mana tempat.

**MALANGSCH TOONEEL GEZELSCHAP:**

**Krido Sworo**

wiwit tanggal 1 Januari 1940 main ing Pasar Malem Tjepoe.

Salah satoenggiling Ketoprak ingkang nengenakes Kaboedajan Djawi saha sampoen angsal pangalambana ing poendi-poendi panggènan. Hoofdrolipoen M. A. LASINTEN saha kabantoe 18 pawèstri, ingkang sami angsal woelangan bab Kagoenan (Djojèd) Djawi.

Pangadjeng : **ABDOELSOEKOR.**

**H. IKSAN**

Aanleg dan Reparatie **WATERLEIDING**

BOEBOETANSTRAAT 186,  
 Telefoon 3126 Zuid.  
 Moeka kampoeng Maspati SOERABAJA.

**TANGGOENGAN**

bagi Toean - Toean poenja KEBON tjoe-tjoe-piring dan lain-lainnja.

PASANG POMPA BOOR ZONDER SOEMOER.

Bisa digoenakan segala keperluan. Sedia matjam-matjam put-pompen dan perkakas Waterleiding.

Pasang zonder Balsaringan f 20.—  
 " " " " pakai betonbuis „ 23.—  
**BISA DIBAIAR 4 KALI**

**TOEAN INGIN ROEMAH SENDIRI???**  
**PINDJAMAN TIDAK DIPOENGOET RENTB**  
**TOEAN BISA DAPAT DARI**

**BOUWSPAARBANK „BERINGIN“.**

Sampoen satoenja bouwkas boemipoetera jang terbeser. Manjampoen didelam waktoe jang pendek saban boelan  
 f 1.— bisa mendapat roemah seharga f 500.—  
 f 2.— bisa mendapat roemah seharga f 1000.—  
 dan seterusnya sampai seharga f 5000.—

Asuransi „BERINGIN“ soedah banjak memberikan pindjaman pindjaman² diberikan saban 3 boelan.  
 Asuransi „BERINGIN“ oentoek keberesan dan keamanannja adé dibawah controlle Accountant.

Kantoean asus terdjoet pada DIRECTIE, SALEMBA 3, TELE. Mr. C. 769, Batavia C., atas agenten.  
 Deman boem ada agent, bisa diladkan. Soerat-manjoerat HAROES di-serat franco goena diswabon



**LOTERIJ OEANG BESAR.**

1 lot f 11.—, 1/2 lot f 5,50, 1/4 lot f 2,75, 1/10 lot f 1,10. Aangeteekend f 0,30. Rembours tidak kirim.

**SINAMON.**

Soepaja bisa datang boelan, seperti laot sakit atau keloearnya sedikit. Boenting djangan makan, tidak berbahaja 63 bidji f 1,75. Sinamon extra koeat f 5,75.

**VOCANOL.**

Boeat segala penjakit batoek, seperti batoek kering. (kinkhoest, darah T.B.C. sesek dan panas dalam dada f 1,50 besar f 2,80.

**RIGASTA HEREN LOTION.**

Pakai Rigasta Heeren-Lotion doenia ada soerga kesenangan boeat lelaki dari segala oemoer 1 fl. ketjil f 1,50 besar 2,90, beli perstel dengan Rigasta Pil f 2,90 stel besar f 5,75.

**RIGASTA.**

Obat koeat boeat lelaki dari segala oemoer. Makan Rigasta tanggoeng bisa memoeaskan senang, poeas betoel f 1,50 240 bidji f 2,90.

**ASHTMA PILLEN.**

Mengi, mengo, napas tersegal-segal pendek, makan 2 fl. tanggoeng baik 1 fl. f 2,50 besar f 4,80.

Pesanan berikoet oeang ongkos vrij.

Firma :

„DE INDISCHE KRUIDEN“  
G. Tengah 22 — Semarang.



**TAMAN POETRI.**

**WANITA ING ALAM PERANG.**

Saja abot sesanggané.

„PERANG! Temboeng kang wetoené kaproengoe ngegeteri. Pantjèn njata, gawé giris. Toemrap sadhéngah wong, sapa baé. Kabèh padha ora seneng kroengoe temboeng maoe.



Marga anané perang, djagad roesak. Papati tanpa wilangan, bandha mawoet ora karoewan. Sandhang pangan dadi larang, dagang lajar angèl lakoéné. Tjaraning pangoepadjiwa moendoer. Awit wong-wong katoengkoel mikir oebeding paprangan, boetoehé padinan dhéwé kapeksa kasingkoer. Kahana-ning koelawarga kosèk, kerap ora kopèn. Mangkono jèn tjinandra woedjoeding owah-owahan ing alam peperangan. Toehoe akèh bédané karo jèn pinoedjoe diaman karta.

Para bapa doewé ajahan loewih dhisik. Madjoe ing pabaratan, nanggoelangi moengsoeh. Ameng-amengan njawa, emboeh

oerip oetawa mati. Fakarti didhasari „nglaboeki Iboe Pratiwi, mbéiani bangsa“. Kang dièsthi, ne garané bisa slamet, pangareparepé menang, lestari bawa dhéwé.

Angkaté para bapa marang paprangan, saben koelawarga kélangan tenaga. Kekowatan kang bakoe, tiagak toewaking wisma. Moerih koelawarga lestari adégé, koedoe ano kang ngganti. Sapa? Sistingring bapa, jalkoe bijoeng, iaboe abot sanggané. Kang bakoe dadi iboe, djoeroe panggoelawentihah. Isih ngrangkep dadi bapa, kang mikoewati koelawarga. Jalkoe ngoepaja sandhang pangan, meoé saka ngomah. Manawa ora gelem nglakoni, rekasané disandhang dhéwé. Tegesé, ora bisa ndjagakaké pitoeloenganing lijan, kabèh-kabèh mboeroe oeripé dhéwé. Sanadjan bisa olèh pambijantoe sathithik rong thithik, ora njoekoepi. Toer ija ora kena ditetepaké. Dadi ringkesé, tenagané dhéwé isih koedoe dienggo. Koedoe gelem lan wani toemandang. Kedadéjan mangkéné iki, soemrambah ing eadji-endi. Lire marga perang, tenaganing oerip tikel. Ing Eropah, Toerki oepamané, anggonné para wanita olèh kalonggaran njam boetgawé mandjaba ing pakarjan roepa-roepa, ija saboebaring perang. Déning kéhing kekoewatan sing ilang, mbandjoer pre-

loe ana tenaga miroenggan. Jèn mangkono, apa perang ikoe djengeng moerakabi toemrap para wanita?

Jèn dhasaring perang, tetep ora apik, ora preloe dipéngini. Marga ingatasé patèn-pinatèn, rereboetan, ikoe panggawé sija. Kang kalah oetawa menang sadjroning paprangan, wis padha nandhang karoesakan. Kelangan bandha lan wadyabala. Moeng baé pantjèn kena diakoni, jèn perang ikoe dadi sawidjining sabab kanggo „nglonggari marang obahing wanita“. Kadjaba njoelihi tenaganing prija, ija sawenéhing dalan, toemrap para wantia kang wis lawas njidham kaloehoeran kamardikan sarta wewenang sapadha-padha. Ana ing wektoe kang angèl lan meksa maoe wanita roemasa olèh dhadhakan ang gonné arep ngatonaké „katijas-ané“ ana ing pasrawoengan. Bakal bisa noedoehaké „sapira boboting oeripé“.

Bab ikoe kena ditjoendhoeaké manèh karo lakoening bebrajan ing kéné. Timboeling obah-obahan kabangsané tjiptané kaem prija woes mrabawani golongan wanita kanggo nishi djangkah maoe. Boedi Oetama ddiringi Wanita Oetama. Sabatjoeré obah-obahan para bapa sate lepas, samono oega pagerakan wanita saja madjoe. Wiwit obah-obahan sing moeng ngoeroesi balé omah,

ING HWA  
刷印版電華英  
銘印章圖外中  
TJANTIAN DOEKOE No. 46  
SOERABAIA

石印、牙印、銅印、木印、電版、銅版、鐵版、鉛版、各種、圖章、單據、各種、文房、用品、歡迎、各界、人士、光臨


„MADMI“  
Handel & Batikkerij  
di Troesmi, Plered (Charibon).  
Selazanja kita ada bersedia kain-kain batik, jang selaloe teratoer dengan bertjorak modern, jang disoekal oleh Pemoeda dan Pemoedi memoerret ini zaman. Harga-harga dipasang rendah dan berlawanan. Datanglah boeat me- njaksikan sendiri atau stoer de- ngan soerat pesenan, tentoe me- neta poeas.  
Meroedjikan dengan hormat,  
DE EIGENAAR.



Nalikané pakoempoelané kaem Iboe P. W. B. ing Banjoewangi nganahaké patemon lan pahar- gyan, koe-mpulé para warga dalah poetra poetrané, nalakaké soepaketé pakoempoelan maoe.

**PITOEDOEH PRACTISCH.**

**nDjoepeoki petjah-petjah-an baliur.**



Jen ana barang - barang saka beling petjah, koedoe ngati-ati anggon kita ndjoepeoki soepaja adja nganti tangan kita kebelér. Amrih pandjoepeoké gampang, betjik kita migoenakaké kapas kang kita telesi. Sarana kapas kang teles ikoe, petjah - petjahan kang tjilik - tjilik bisa kanthi dhéwé.

—o—

saja mlangkah tekan njampoeri bab papréntahan pradja. Ora lija ikoe ora kagawa saka boboté tanah kéné ora tiekoep ièn moeng kaembat ing prija baé. Apa manèh ing wektoe sing kari-kari iki. Gendjoting bawana ndjalok tambahing tenaga pirang-pirang. Lajang kabar kerep nge-mot oeloek<sup>2</sup> bab „vrouwen-mobilisatie“. Oega L. B. D. nampani para wanita meloe koersoes, sanadjan ana ing patjaban njing-kiri bebaja saka gegana tenaga-ning wanita doeroeng ditjakaké.

Manawa ing Indonesia kang isih kagolong tentrem (doeroeng kataman perang) baé, wis kaja ngéné, kena diwawas kaprijé toemrapé pradja-pradja kang wis perang.

Jèn wanita moeng dietjakaké ing gawé baé, mandhi neraman, mandar gawé pangéram-éram. Sineboet wong kang prawira, wani koerban. Kena kanggo tetoe-ladan, kanggo tembang kidoeng. Dadi jèn pinikir, sesangganing wanita ana alam paprangan tetep abot. Abot ing lair batin. Moe la wis samesthiné jèn perang ikoe tansah ditjengkah mréna-mréné. Apa manèh para wanita, kang rasa pangrasané loewih aloes tinimbang prija. Mesthi saja ora doan marang anané perang. Djer dhasaré wis ora apik, dadi wohé ija ora betjik.

**SOEPRAPTI.**

**Ngèksigondo.**

—o—

**POLYGAMIE LAN MONOGAMIE.**

**Pro lan contra.**

—o—

Saka redactie : Kita wis ta-oe matjak andharan bab polygamie adhedhasar panemoe pihak kabangsan, saka sdr. Sri Soehardinah. Ing ngisor iki kita patjak andharané sedoeloer lija, kanggo njisihi andharan kang dhisik, lan kanggo bebandhingan. Sabandjoeré ikoe kita bakal matjak andharan sidji manèh, adhedhasar neutraal. Sawisé ikoe remboeg maoe bakal kita toetoe.

**ING P. S. nomer 26 sedoeloer Sri Soehardinah** nerangaké moenggoeh ora betjiké djedjodhowan polygamie kang toemindak ing Indonesia.

a. djedjodhowan manoet wet Islam ing Indonesia djaréné golongan poetri ora doewé wewenang. Penoeelis ora ngreti apa sing dikarepaké sdr. Sri Soehardinah bab temboeng wewenang. Apa kaoem poetri ndjaloké wewenang lan hak kang padha-padha karo kaoem prija (zelfde, gelijke rechten en stand) ? Bab iki, penoeelis ora sarcedjoek.

b. Masa ija kaoem prija nalak poetriné sagelem-gelemé jèn pantjèn poetriné ora salah ? Ana ing wet Islam sadoeroengé padha pepisahan, dianakaké „commissie perdamaian“ antarané saka fihak prija lan fihak poetri. Jèn pantjèn wis padha ora kena diakoeraké, ja kepeksa pepisahan, nanging oega kerep banget kelakon „commissie perdamaian“ maoe mitoe-loengi temenan.

c. Instelling polygamie mitoe-roet sdr. Sri Soehardinah ora tjotjog karo pikirané kaoem poetri Indonesia. Penoeelis akoer banget manawa polygamie katin-dakna teroes, sebab :

sebisani, tjatjahé, kaoem poetri loewih akèh tinimbang kaoem prija, loewih-loewih ing Tiongkok, Spanjol, Finland l.l.l.

kapindho, jèn atoeran moeng monogamie waé, pelatjoeran saja ngrebda, baji-baji sing tanpa bapa bakal loewih akèh, sebab sarèhning kaoem prija ora olèh wajoe (polygamie), mbandjoer padha ngiwa.

d. Bener, pergerakan poetri pantjèn doeroeng ana sing sampurna, marga koerang organisatie lan pendhidhikan. Sing didhidhik ikoe ora moeng botjah-botjah waé, nanging oega kaoem iboe lan kaoem bapa. Poeloeha ndhidhik anak-anak kita kaé, jèn sing ndhidhik dhéwé lakoéné ora bener tegesé ja ora apik, alias pendhidhikan goroh.

Njoewoen pitoeloengan marang Pamréntah oega betjik.

e. Naib ikoe pagawéjané wis bener, ora soesah diwènèhi toentoenan manèh, sebab naib ikoe sing mesthi wong Islam lan ningkahé oega dadi ningkah Islam. Déné wong-wong sing tanpa agama padha ditingkahaké déning naib sing Islam ikoe, penoeelis dhéwé ja ora ngreti. Pantjèn mono naib ikoe speciaal kanggo wong Islam, déné wong sing ora doewé agama ikoe ningkahé koedoe menjang toekang ningkah sing tanpa agama; apa gawé naib dhéwé sing haloewané nasional. Jèn wong Kristen ningkahé ana ing grédja, ikoe wis bener.

f. Ora preloe dianakaké wet anjar manèh sing streng (keras), sebab oepama keras toemrapé prija, mesthiné prija ija ora gelem, kosokbaliné jèn keras toemrap poetri, poetriné ija ora trima. Betjik dhéwé wet sing adil banget kanggo karo-karoné.

g. Pranatan anjar soepaja pegat ora ditindakaké sawenang-wenang, wis ana, dadi ora preloe ditambahi.

h. Wis samesthiné manawa ana poetri sing pegatan, mangka oeripé kekoerangan, koedoe olèh tjadhong pangan.

i. Ora preloe pergerakan poetri Indonesia mbantoe ilanging

polygamie, sebab iki ateges njoe-boeraké pelatjoeran. Nasibé kaoem poetri Indonesia padha ora apik, marga diwajoe ikoe goemantoeng ana salahing prija nggonné padha ngetjakaké. Jèn manoet tatanan bener, manawa ana prija arep wajoe koedoe tarèn dhisik karo poetriné (bodjoréné), jèn pantjèn olèh ija dilakoni, manawa ora ija ora sida.

Manawa polygamie arep dilangi, ateges meksa njimrang karo tatanan Islam, sanadjan Islam ikoe ora madhibaké polygamie, nanging toh ja ngolèhaké, tcer, manèh manawa preloe ija koedoe dilakoni.

Penoeelis ora nijat, namanakaké polemiek karo sdr. Sri Soehardinah. Iki maoe kabèh metoe saka ichlasing ati lan manawa ana sedoeloer poetri sing kersa mènèhi katrangan sing loewih apik tinimbang penoeelis, prajoga dipatjak ing P. S. kéné, ndjalari njoe-boeraké pers kita lan pergerakan poetri Indonesia.

**ASMARIJAH BRS.**

K l a t h è n.

—o—

**BAB SESANDJAN.**

**Ala betjiké.**

—o—

**Sarta pijalané watak mèrèn.**


**MELOE<sup>2</sup>** ngremboeg karangané mbakjoe Darwati ing „Taman Poetri“ iakoe bab alané



„ngoetjap ngrasani“. Ratjaké kang dhemen sesandjan (dolan mejang tangga) ikoe kaoem wanita (ananging ija

ora mabang, ing kéné akoe ora kok arep memalangi oetawa njegah sesandjan, ora ! Djer wis samesthiné jèn wong oerip ikoe ija koedoe sesandjan, sambang-sinambang, sesrawoengan. Ananging ija koedoe mawa wates. Amarga sok ana kalané sandja kang nganti kliwat wates. Wong kang dhemen sandja menjang tangga ikoe kadjaba sok nglalèkaké koewadajiban ing balé omah, oega marakaké dadi pakoelinan. Sarta saora<sup>2</sup>né wong sandja sing nganti kliwat wates ikoe sok dhemen rerasan. Jaikoe betjik-betjiké ngrasani kakoengé; jèn ora ija kadang mitrané. Ija mengkono ikoe kang wadajib disirik.

Ing ndhoewoer wis dakatoeraké jèn wong sandja ikoe marakaké ing pakoelinan. Soewéning-soewé jèn wis kadhoeng koelina, bandjoer angèl boewang - boewangan; dolan mrana ngrasani sing kéné, dolan mréné ngrasani sing kana. Sepisan ping pindho kang diadjak rerasan ikoe ija ngandel baé. Soewé-soewé mesthiné ija ora ana sing ngrèwès. Malah-malah presasat disiriki dé-



*Nalikané ndhoedhoek pandheméné gedhong pamijaran anak jatim saka oesahané „Roekoen Istri“ ing Betawi, kang saiki wis bisa mijara botjah lola kèhé 84. Wara Sri Soewarso lagi nje-keli botjah jatim kang ndokok watoe kang wiwitan kanggo adegé gedhong. Déné prijaji poetri sidiné ikoe: secretaresse. Adegé Roe koen Istri nalika 1930, salawasé teroes toemindak kanthi betjik lan akèn lelaboehané toemrap oemoc m.*

21 APRIL,

**21 APRIL,  
DINA MOELJA TOE-  
MRAP KAOEM VAA-  
NITA.**

Awit dina ikoe mijosé Srikandhi Indonesia, Ija Radén Adjeng Kartini. Ing tanggal 21 April, ngarep iki, ing ngendi-endi panggonan kang ana pakoempolané para wanita bangsa kita kang wis éling marang koewalijabané, mesthi padha nganakaké péngetan, mèngeti lelaboelané.

**R. A. KARTINI.**

Toemrap kaora poetri Ijané, kang ora kober nekani perajalan maoe, kèpnjé? Apa ora betjik jèn maoe boekoe

**SINAR KARTINI**

kang isi 6 pichato saka para poetri kita dhéwé, kang mèngeti lelaboelané P. A. Kartini maoe? Regané boekoe iki moeng f 0,50. Basané Indonesia. Moeng kari sebhithik banget. Kojaba ikoe, loewi penoe koedoe maoe boekoe:

**R.A. KARTINI mBOE-  
KA**

jaikoe boekoe kang nelakaké sedjalah lan gegajonane saka para kita maoe, basa Djawa. Regané f 1.—

«—————»

Welingan koedoe dalah postwisel pisan marang: Poestaka Nasional, Doeboetan 85 B, Soerabaja.

ning wong akèh. Wasana dadi tjiriné (tjajading) awaké dhéwé.

Déné jèn kita diadjak rerasan alaning lijan, ikoe adja kesoesoe pretjaja, jèn doeroeng njata temenan oetawa njipati dhéwé. Mesthiné jakin, jèn sedoeloer kang wis djembar wawasane jèn diadjak ngrasani énggal pretjajane. Ananging mesthiné baé malah ora dhemen.

Ana manèh kang dhemen njatoer kabegdjaning lijan. Oepama tanggané oetawa mitra karoehé bisa toekoe ika, bisa toekoe iki. Ikie bandjoer tansah diremboeg mrana-mréné. Mengkono ikoe terkadhang saka mèri, amarga awaké dhéwé ora bisa toekoe. Moelané tanggané bisa tetoekoe rak marga saka pangati-atiné. Sok mitra karoehé kang bisa tetoekoe ikoe, ana-ana baé panjatoeré, oepama: „Ija moelané, bisa mangkono! Hla wong anoe! anoe!“ toer mesthiné ija ora njata (doeroeng njata).

Wong kang watak mènèh ikoe ora apik. Malah ndoewènana mosik pikiré dhéwé mboedidaja moerih bisané kelakon apa sedyané kanthi dalan kang bener betjik. Adja kok moeng tansah mèri, tansah dibatin, tansah ditjatoer. Ananging koedoe ndoewèni panowoen dhéwé, mboedidaja moerih bisa kaleksanan sedyané, kaja wong kang dimèrèkaké ikoe.

Wasana tjoekoop seméné baé andharankoe.

S. PANGAKSAMI.

Soerabaja.

**RAGOENAN mBOERI.**

**Citroen-pudding.**

Endhog papat, poetih lan koeningé dikoebek dhéwé - dhéwé. Koeningé dikoebek karo goela pasir lan banjoer djerok petjel oetawa citroen. Ager-ager 3 londjor digodhog karo banjoer 2½ tjankir; disaring, bandjoer disoki koeningé endhog maoe. Jèn wis mateng, dientas, énggal-énggal diesoki keploekané endhog poetih lan dioedhak, noeli diwadhahi ing tjithakan pudding. Pandhaharé karo vanillesaus, jaikoe: koeningé endhog, goela pasir, vanillie lan melk digodhog.

**Soes gorèng.**

1 gelas moendjoeng glepoeng terigoe, 1 gelas banjoer adhem, 2 sèndhok dhahar mertéga, 2 idji endhog ajam dikoebek, oejah sajoekeopé. Pangolahé:

Trigoe, banjoer, mertéga lan oejah sebhithik didjenang kongsi mateng. Jèn djenang wis adhem, endhogé ditjampoer, bandjoer digorèngi kira-kira sasèndhok ing lenga kang ditjampoeri mertéga. Pandhaharé jèn wis adhem sarana diwoer-woeri goela pasir aloes.

**Boterbiesjes.**

2 tjankir moendjoeng goela aloes, 8 sèndhok dhahar mertéga, 2 idji endhog ajam, 6 tjankir moendjoeng glepoeng trigoe, amandel oetawa krenten. Pangolahé: Goela lan mertéga dioebek nganti poetih, endhogé ditjampoer saka sidji-sidji, jèn wis warata glepoengé ditjampoer pisan. Djladrèn noeli ditjithaki nganggo tjithakan boterbiesjes (tjonthongan kretas oetawa kanthong saka keper), ngisor diwènèhi tjon-

thong kalèng kang boetjoené diringik-ringik, diplèthèti, ing dhce woer sèlehana amandel, noeli dibakar ing pan oetawa oven.

WARA ANGGODO.

Tjepoe



**TJANDHAKÉ BAB KOPI.  
Panandoe lan pamijarané.**

I

**SADOEROENGE** nandoer digawèkaké lobangan (gadhoengan) dhisik kang alang-oedjoeré lan djeroné kira-kira 60 c.m. Jèn wis lobangan maoe koedoe didhajoengaké dhisik sawatara woelan, loewih-loewih ing palemahan kang ora betjik oetawa lemahé kelèt, koedoe didhajoengaké kang soewé banget, soepaja tandoerané ing mbésoeké bisa betjik, jaikoe djasat lemah kang diarani zuurstof (hawa kang ketjoet) maoe bisa ngowab. Bandjoer ing tengah beneré lobangan maoe soeprih gampang diwe-roehi, oetawa arang-kerepé tandoeran bisa ratjak padha, nganggo ditengeri sarana atjir, ing kono kang bakal tantjapé wit kopi. Mangkono ikoe ndjagani mbokmanawa soewéning - soewé lobangané kena oedan bisa katoe-toeapan djoegroegané lemah ing sakiwa-tengené kono. Loewih betjik manèh jèn ana stalrest (ra-



**—: BOEAT MEREKA JANG JAKINKAN SPORT! —**

Kalau toean habis main sport, merasa badan letih dan pegel semoea di sekoedjoer toeboeh, baiklah lantas minoem satoe slokie anggoer obat tjap „SEMILAN BELAS“. Toean akan lantas merasa seger dan napas tidak sengal-sengal poela.  
Anggoer obat tjap „19“ rasanja tinggal tetap ledzat dan haroem. Ia berikan tenaga baroe hingga kefaedahannja satoe siokie anggoer obat tjap „19“ ada sama seperti 3 boetir teloe mentah.  
Sangat dipoedjikan bagi mereka jang berbadan lemah dan berpenjakitan.

Terdjoel loes dimana-mana tempat.

**CHEMICALIENHANDEL IE KIEM TIE  
TIENSTRAAT — TELF. 1316 NOORD — SOERABAJA.**

boek kandhang) oetawa godhong bangsané raboek idjo ditjemploengaké ing kono, karetèn besok dadi lemèn.

**Panandoeré kopi.**

Panandoeré saka kweekbed marang kebonné kang lobangané wis kena diarani selesih kabèh, moeng kèri nandoeré baé, ikoe milih mangsa jèn wis akèh oedan: kira-kira ing sasi November oetawa December. Dadi tandoeran maoe ana ing kweekbed oemoeré koerang loewih 1 taon lan godhongé wis ana 5 à 8 rakit. Lan moenggoeh panandoeré ana ing kebon maoe ana warna 2 (loro): 1e sarana poeteran, 2e sarana tjaboetan.

Kang akèh-akèh ditandoer tjara tjaboetan, sebab: kaping pisan, panggawané menjang kebon loewih moerah lan lewih rikar. Kaping pindhoné: bisa milih ojed kang betjik, lan bisa milih tandoerané kang betjik, tanpa lelara, godhongé kang seger sarta ketara idjo-idjo. Tandoeran kang pating djekithoet sarta kang warnané koening ora kena mèloe ditandoer, jèn meksa ditandoer kopiné ora bisa apik, malah bisa oega mbandjoer blorok.

Jèn ditandoer tjara tjaboetan ojedé ladjer kang kedawan apa manèh kang bèngkong, dikethok nganti dawané kira-kira ¾ kaki (k.l. 25 c.M.) saka poké ojed.

Panandoeré mangkéné: Tandoeran kopi digantoeng ana ing sadjroning lobangan mbandjoer djoeroegi lemah, sarta diarah soepaja pangé ojed ladjer adja nganti nekoek mengisor, koedoe ditata kang djoedjoer, soeprih bisa gampang golèké pangan.

Ana oega kang sawisé djoeroegi mbandjoer ditarik mandhoewoer sathithik, soepaja ojedé ladjer adja nganti bèngkong, sebab tandoeran kopi kang ojedé ladjer bèngkong thoekoelé ora bisa betjik. Sawisé mangkono lemahé mbandjoer diidak-idak saka ndjaba mendjero soepaja adja gawé roesaké ojed-ojed maoe.

Jèn ditandoer tjara poeteran:

a. rekasa banget enggonné nggawa menjang pakebonan, koedoe ati², soepaja lemahé adja nganti gogrog ana ing tengah dalan, dadi pagawéjané rendhet banget, tetéla jèn ongkos-ongkos loewih larang tinimbang tjaboetan.

b. Ora bisa niti priksa ojedé kang ala lan betjik. Panandoeré tjara mangkéné iki kang dikethok moeng ojed ladjer kang katon baé.

**Pamijarané (onderhoud).**

Ing papan kang miring, soepaja lemahé kang betjik adja nganti laroet lan kanggo mbetjikaké, perloe nandoer raboek idjo, oepamané: Crotalaria anagyrodes, callapogoneum lan sapanoenggalané. Kadjaba mbetjikaké sarta nahan laroeting lemah, oega nambahi lemèn (humus).

Sok jèn tandoerané wis oemoer 2 à 3 sasi dikebroek lan kaping 2 sadjroné sataoené Soepaja tandoerané bisa betjik lan adja

gampang kena penjakit, moerih apiké nganggo piranti garpoe kang bisa matèni ojed soeket, kang ndjalari koeroené tandoeran, kajata soeket alang-alang, paitan, teki l.l.l. Adja lali nggawèkaké got mati (blindegoten), iki moerakabi banget kanggo pakebonan.

Jèn wis watara dhoewoer bandjoer dipapras (snoeien), mangkono ikoé wiwitané ora kena akèh-akèh, diingoe kang santosa lan kang betjik.

Karepé disnoei (dipapras) ikoé maoe mangkéné :

a. Mènèhi wangoen marang tandoeran,

b. Soepaja dawa oemoéré,

c. Soepaja pamatoené bisa adjeg.

Soepaja klakon apa kang dikarepaké ing ndhoewoer maoe koedoe ndoewèni ojed kang betjik, mangkono oega wité, pangé koedoe kang koewat lan godhongé katon seger-seger mertandhani jèn waras. Pamaprasé maoe ngatoer soepaja thoekoelé adja kethithiken oetawa kakèhan; se-

bab jèn kakèhan thoekoelé wité mbandjoer ringkih. Pamaprasé maoe kajata :

a. Dipoenggel (stoppen).


Perloené dipoenggel maoe, soepaja wité bisa thoekoel ngrembajak, dadi ora bisa dhoewoer, soeprihé jèn ngoendhoehi wohé gampang banget. Kadjaba ikoé gadanané (pangé) bisa gedhé-gedhé toer koewat nahan angin gedhé. Jèn moenggel, dhoewoeré goemantoeng marang bangsané kopi; kajata kopi Djawa 5 kaki, kopi Robusta 6 kaki lan kopi Liberia 8 kaki. Pamoenggelé koedoe nganggo gaman kang landhep (snoeischaar) lan ing satedhaké geretan sarta salah sijining pang (gadan) koedoe dikatoetaké, sebab jèn ora dikenèkaké pisan, pang kang ndhoewoer dhéwé klemon, sarta mbandjoer abot, bisa oega noewoehaké sempalé pang kang kabotan maoe.

(A n a t j a n d h a k é).

SOETOMOMOELYO.

Kabon-Agoeng.

— 0 —



Peperangan ing Europa kang kaon nekakaké kapitoenan pedhé : peperangan ing segara, saha ta. dangé kapal silem Djerman kang kawentar aran U-Boot Gambar ing ndhoewoer ikoé U-Boot nalikané mentjoengoel saka banjoe. Ing ngisor kapal kang dadi koerban.

**BARANG - BARANG TIDAK MAHAL.**

Di toko „SEDIA“ Kapasanstraat No. 28 Soerabaja senantiasa sedia

- a. Barang-barang baroe dan tweedehandsch
- b. membikin dan menerima pekerjaan kajoe triplex.
- c. Memberi makanan dan minoeman dengan tarif jang tentoe menjenangkan. (Levert eten buitenshuis).
- d. Memberi keterangan tentang C.V. Java Volksbank dan menerima penjinan baroe.
- e. Menerima anak-anak sekolah jang hendak mondok di Malang atau di Soerabaja.

**KABAR PENTING.**

Toean-toean Njonja-njonja, kalau perloe pakai barang-barang di lalang, tjoekeolah memberi order sadja pada kami, berarti :

- 1. Mendapat beli barang dengan setjara jang moerah sekali.
- 2. Tidak memboeang tempo dan tenaga.

MARILAH TOEAN-TOEAN DAN NJONJA-NJONJA DI LOEAR DAN DI DALAM KOTA, TJOBALAH MEMBERI ORDER PADA KAMI. TOEAN-TOEAN DAN NJONJA-NJONJA TENTOE MERASA POEAS.

Kami menoenggoe pesanan

**TOKO „SEDIA“ KAPASANSTRAAT 28 SOERABAJA.**

**Boekoe-boekoe basa DJAWI aksara DJAWI.**

- 1. WEDHA-TAMA-KAWEDHAR: déning K. G. P. A. A. Mangkoenagoro IV, dipoenwedharaken mawi larasan ingkang gathoek kalijan soeraosing ngèlmi. 4 djilid regi f 1,20 & porto f 0,16.
- 2. DJAJABAJA SECH BAKIR: pralambang bab djangkaning djaman mawi sarogan katerangan sarta mratèlakaken wiwit tanah Djawi kaisèn manoesa doemoegi dhatengipoen tijang Prenggi ngedjawi ngantos doemoegi kijamat. Kalih djilid-regi f 0,60 & porto f 0,10.
- 3. DJAMAN TJATJAD. Inggih poenika djangkaning djaman wiwit taon Djawi 1801 + 1805 doemoegi djaman sapoenika: mawi dipoen wedharaken soepados saged terang. Kalih djilid regi f 0,50 & porto f 0,10.
- 4. SANGOE PATI (kawroeh kasampoernan) piridan saking wasitanipoen goerce-goeroe ingkang medharaken tékadang kasidan. Kalih djilid regi f 0,60 & porto f 0,08.
- 5. KATJOERIGAN (bab dhoewoeng) mawi gambar. Isinipoen bab : reritjikan, dhapeer, pamor, tanggoehing dhoewoeng wiwit Padjajaran doemoegi Soerakarta awewaton sesikoetaning dhoewoeng. 1 boekoe regi f 1.— & porto f 0,10. Oegi sadhija PANANGGOEHING DHOEWOENG babon saking Solo, asli saking seserepanipoen M. Ng. Wirosokatga, abdi Dalem mantri pandhé Kadipatèn-Anom, 1 boekoe regi f 0,80 & porto f 0,10. Langkoeng tjetha (mawi aksara Latin).

Kawedalaken sarta kasadé déning :

Boekhandel **SADOE BOEDI** Poerwopoeran-weg 58 SOLO

**DHAHARAN ROCHANI, lan PANOELAK SISAH.**

Serat „KRIDHA SOENGKAWA“ bs. Djawi aksara Latin, babaran énggal. Kata-kata ngagesang poenika mesih sok kepandoekan raos sisah ingkang sok ladjeng noewoehaken raos warni-warni terkadhang amebajani. Djer manoesa loegonipoen boten kendat anggènipoen boedidaja nginggati: nanging kok taksih wongsal-wangsoel sisah kémawon. Kadospoendi ta rékanipoen? Wiwit sapoenika pandjenengan badhé angsal pepadjar saking serat KRIDHA SOENGKAWA, isinipoen: nerangaken bab-bab: Kridanipoen raos sisah. Pardikaning raos sisah, asalipoen daja noegraha (swasana), pakartining daja (loemebetipoen ing djazading manoengsa), sisah ingkang tanpa sabab, daja ingkang abadan pepeteng, id. abadan pepénginan, id. abadan hawa nafsoe, id. panalangsa, gampilipoen nebihi raos sisah, sisah ingkang tanpa sabab, sabab-sabab ingkang ndjalari sisah, cendiq-oesoeking raos sisah, kadospoendi moerih simanipoen, sinten ingkang kijat mandhang sisah, bab kasantosan, kasantosaning manah dalah lampahipoen, wewidjanganipoen pasinaon, katemtoning wantji kanggé sinace, empaning papan ingkang mapan, boekti kenjatan, pratikelipoen ngliipoer sisah, sasmita ginaib, pandoesoekan (patrapipoen nampi sasmita), babajaning raos sisah lan pandhidhikanipoen laré, kasantosaning boedi, santosa bener betjik, santosa bener mli, bab boedi lehoer, pénget toemrap para kataman sisah, ls.s. Sadaja katerangaken tjetha toer SALAMPAH-LAMPAHIPOEN pisan, regi a f 0,75 dalah ongkos. Toembas ing woelan poenika angsal regi f 0,50. Toembas ing woelan APRIL + MEI '40 taksih regi a f 0,60 (nem kethip) ongkos VRUJ. Soemangga sampoen kagalih dangoe-dangoe, djer wadosing djagad namoeng njalangi jèn sisah, Sampoen ngantos ketelasan kados ingkang sampoen sampoen. Ngetjap namoeng sakedbhik.

Welingan paring postwissel dhateng:

BOEKHANDEL „SOENARDHI“ MIMLANG-C.

PENGET : saprekar kang koedoe c'éngeti déning koelawarga kita, jalkoe : déné s.k. kita iki diwetokaké déning peroesahaan BANGSA kita dhéwé. Moela wadajib kita padha nglestarekaké raketng sesamboengané.

SOERAT POEDJIAN

Saja jang bertanda tangan di bawah ini, P. ASNAR, bertempat tinggal di kampoeng Kemasan Grisee, menerangkan bahwa saja poenja penjakit BAWASIR (AAMBEIEN) telah diobati oleh Toean TABIB ABDULHAMID, Baliwerti No. 29 Telf. 3383 Zuid Soerabaja. Dalam tempo 18 hari ZONDER POTONG telah semboeh sama sekali.

Dengan ini saja menjampaihan banjak terima kasih dan memoe-djikan pada siapa jang mempoenjai penjakit terseboet soepaja detang berobat pada TABIB terseboet diatas.

Wassalam dari saja P. ASNAR.

Kita anak-anaknja djoega membilang banjak terima kasih

H. Djarkast, H. Doelhadjis, H. Amattaridjan, H. Ametnasimta, H. Sokran, H. Anang Tajib.

BOEKHANDEL „HADIATMODJO”. PATJARKEMBANG 141 SOERABAJA Telf. Z 3455.

Baroe terima: A. A. POEDER, ja'ni goena obatnja sakit kentjeng nanah atau darah jang beloem kasep (jang beloem lebih dari 1/2 boelan) harga ..... f 1,25 R. B. POEDER, ini obat goena loeka jang loear. harga ... f 0,75 ini obat kalau tidak berboekti, oeng boleh diminta kembali, dan kalau minta dikirim, tambah f 0,40, goena ongkos.

Boekoe bahasa Djawa hoeroef Latijn :

- Talkin majit ... .. f 0,25
Bangoen endjing ... .. 0,35
Boekoe Crediet ... .. 0,30
Djawi kina ... .. 0,25
Doemadosipoen djagad 7 ... 1,25
Djampi Djawi ... .. 0,30
Hari wara ... .. 1,25
Hidajat djati ... .. 1,00
Gegaran emah-emah ... .. 0,15
Kidangan ... .. 0,50
Kresna dewa jana ... .. 0,40
Kawoela goestj ... .. 0,40
Lelana ing tatab Toeban ... 0,15
Maandkalender formaat 35 x 45 .. 0,35
Kalau minta dikirim tambah 15%-nja.

SANADJAN woedjoed kewan tjik kang ora mbedjadi, nanging semoet ikoe ndoewé pakarti kang



pantes kita telad, jalkoe enggonné sregep golék pangan, lan seneng njamboetgawé bebarengan karo bangsané dhéwé.

KOELAK WARTA



ADOL PROENGON

Oedjaré : BAKOEL SAMBIWARA.

SIKPE POELISI.

KALAJAN pandjang lebar sdr. Thamrin ngangsaké remboegé bab kentjengé wakil Pamréntah anggonné noenggoni rapat-rapat oemoem. Sarana boekti-boekti kang njata lan terang dikandhakaké, manawa sadjaké Pamréntah saiki ngenggoni sikep anjar toemrap lakoening pagerakan kabangsan. Hak saraséhan lan kekoempoel ngalami lelakon anjar. Wis terang manawa wakil Pamréntah sadoeroengé ndjenengi rapat-rapat oemoem wis oléh instructie-instructie saka ndhoewoer. Nanging wong ora bisa matesi tekan ngendi pangwasané wakil Pamréntah anggonné ndjaga katentreman. Terkadhang sok mlangkah saka kamesthèné.

Kita ngoermati marang ririgené Pamréntah ndjaga adja nganti-ing rapat-rapat oemoem dilairaké tetemboengan-tetemboengan kang asipat ngodjok-odjoki, oetawa kang loemrahé katemboengaké : ngrosak katentreman oemoem. Bab ngrosak katentreman oemoem iki angél banget anggonné netepaké, tekan ngen-

di wates-watesé. Kerep kedadéjan ana andharan kang wis ka-oemoemaké ana ing soerat-soerat kabar, nanging dilarang diwatja ana ing rapat oemoem. Ana manèh wakil Pamréntah kang njetop rapat tanpa katerangaké apa wewatonné. Pantjéné doeroeng perloe wakil Pamréntah nibakaké poetoesan mboebaraké, jèn swasananing rapat doeroeng mek sa temenan.

Kang ndoewéni panemoe manawa sikepé politie ikoe keken-tjengen ora moeng kita waé. S.k. Walanda „Java Bode” ija ngrasa. Kandhané :

„Wij zijn inderdaad de meening toegedaan dat dit bewind een veel te politieeel karakter draagt; in vele gevallen is men gerechtigd te spreken van een politiestaat”.

Moela interpellatie Thamrin maoe ora moeng ditendoeki déning golongan kita waé, nanging oega golongan Walanda. Interpellatie maoe penting, déné nge-nani kamardikan bab nglairaké panemoe, kang oega diakoni per-loané déning Pamréntah.

Saweroeh kita doeroeng taoe ana kedadéjan rapat nganti mbe-goegoek marga ririgening politie. Kalajan tentrem rapat boebar samangsa wakil Pamréntah akon mboebaraké. Kang mangkono ikoe marga ngadjèni marang pangwasané. Nanging kosokbaliné manoe sdr. Thamrin, wakil Pamréntah sok mlangkah anggonné migoenakaké pangwasané. Instructie saka ndhoewoer sok-sok angél anggonné nindakaké tanpa langkah saka garis. Nanging ija ora nganèh-anèhi sebab kang mènèhi instructie ija ora netepaké wates-watesé, nanging moeng masa borong marang kang nindakaké. Dadi ing kono bab mbebajani lan orané sawidjining swara kang kalairaké déning spreker, goemantoeng marang politie. Moela ora anèh, manawa ing sawidjining panggonan ora kaanggep apa-apa, nanging ing lija panggonan kaanggep mbebajani. Malah remboeg kang wis kabèbèr ana soerat-soerat kabar ora kena kawedharaké, angger politie nganggep ora kena. Politie ija ora koedoe mènèhi katrangan apa-apa samangsa dhèwèké mboebaraké rapat. Boektiné : kaja kang wis taoe dialami déning sdr. Thamrin nalika rapat oemoem ing Medan. Rapat koedoe diboebaraké samangsa politie préntah.

Soewaliké, kita ora bisa nggoegat ririgené politie kang mangkono ikoe. Awit dhèwèké wis oléh instructie saka ndhoewoer. Lan instructie iki toemindaké kapasrahaké marang kawitjaksanané wakil Pamréntah dhéwé-dhéwé.

„Pewarta Oemoem” (Solo) cerasan déné ora taoe ana politie kang rumpa paekeoman marga anggonné toemindak kentjeng. Kandhané :

Berhoehoeng dengan hal itoe rakjat kita terpaksa menoeoret, meskipun dengan perasaan koerang terma dalam hati, kadang-kadang dengan menderita kesoekaran jang amat besar, karena tidak djarang mereka itoe jang haroes meringkoek dalam tahanan, akan tetapi sebaliknya kalau tindakan kaoem politie itoe ternjata tidak benar, maka kaoem politie jang kesalahan itoe tidak men dapat hoekoeman sedikitpoen, dan mereka itoe boleh membikin kekeliroean poela.



Sawatara pradjoerit gegana Djerman sarana penganggo kang wis miranti tjantjoet taliwanda arep ngambah ndjoemantara. Kapal terbang ing ndhoewoer ikoe doega-doega arep nelik gelaring ndoewoer.

Ora anèh, awit kaja kang kita terangaké ing ndhoewoer, politie saderma nindakaké instructie, kang toemindaké borong. Dadi ing kono rerigené politie kaja-kaja onfeilbaar, ora kena kaloe-poetaké. Boektiné nalika sdr. Thamrin njereg toemindaké politie nalika rapat oemmoem ing Medan marang P. G., seregan maoe di-dhèp. Sebabé apa? Sebab politie sadoeroengé wis olèh instructie.

S.k. „Mata Hari” (S e m a r a n g) ngandhakaké panemoe né s.k. „Java Bode”, kang djaréné mangkéné :

Kebanjakan nationalist Indonesier toch djinak sadja, kendati ada djoe-ga heberapa gelintir jang betoel-betoel berbahaja.

Tindakan jang terlaloe keras dan keboeroe dari recherche bisa melahirkann anggapan jang orang berha-

dapan dengan satoe keadaan berbahaja, jang betoel-betoel mesti lantas ditindas. Sebetoelnja tindakan sematjam itoe tjoema bikin toeroen deradjatnja pemerintah. Kasih maar itoe revolutionnairen dan would-be revolutionnairen bitjara. Kalau betoel-betoel berboeat pelanggaran baroelah ambil tindakan keras.

Mitoeroet ing ndhoewoer, „Java Bode” malah ngandhakaké manawa rerigené politie kang kesoesoe ikoe mlorotaké dradjating Pamréntah. Anggonné kaoem nationalist Indonesia dikandhakaké koethoek ikoe marga nganggep ora perloe nandoekaké panglawan. Pagerakan kita metoe dalam saeroeting wet. Dadi ora ateges koethoek, nanging merga ngadjèni pengowasaning Pamréntah, pangowasaning wet. Saka panemoe kita, politie ora perloe mboebaraké rapat, samangsa ora

perloe temenan. Lan jèn mboebaraké koedoe katerangaké kepriyé alasané. Sarta manèh jèn arep mboebaraké koedoe nganggo antan-antan.

Nanging, djaréné „Mata Hari”:

Jah, memangnja soedah lama pihak Belanda akoei jang nationalisten Indonesier ada djinak sadja (van tamer aard, kalau pindjam djoeloeakannja Java Bode). Tapi politie masih teroes ambil tindakan keras sadja..... Malahan dalam Tweede Kamer masih ada soeara jang mengatakan politie di sini koerang keras!

Poen minister van kolonien bilang, boeat meinpertahankan kekoesaannja di sini negeri pemerintah Belanda tidak perloe lagi sama interneerings-kampen (tempat-tempat pemboea-ngan).

Toch ia tidak moefakat hapoeskan Boven Digoel dengan sekali goes! Dan tidak moefakat dengan pengha-

poesan artikelen bis en ter jang terke.al.

Bagaimana nih?

Pantji angèl anggonné netepaké tekan ngendi watesé kamar-dikan nglairaké panemoe. Interpellatie Thamrin maoe atesge ndjaloe blakané Paréntah kapri-jé sikepé toemrap pagerakan kabangsan.

Panoetoepé, „Kebangoenan” (D j a k a r t a) njénthangi :

Bersama Java-Bode kita berpenda-patan, bahwa tidak ada salahnja orang dibiarkan bitjara lebih banjak : mendjalankan politik jang sehat. Kalau sésenggoehnja ada jang hendak mengatoer kekerasan, ada tentara, ada polisi pel, ada marsoesé.

Orang baik djangan loepa, bahwa „life is uttering”, hidoep artinja me-woodjoedkan diri.

— o —



**MALANGSCH TOONEEL GEZELSCHAP:**

**Krido Sworo**

wiwit tanggal 1 Januari 1940 main ing Pasar Malem Tjepoe.

Salah satoenggiling Ketoprak ingkang nengaken Kaboedajan Djawi saha sampoen amsal pangalem-bana ing poendi-poendi panggung. Hoofdrolspeler M. A. LASINTEN saha kabantoe 18 pawestri, ingkang sami amsal woe-langan bab Kagoenan (Djoged) Djawi.

Pangadjeng : **ABDOELSOEKOER.**

**TIAP TIAP POETRA INDONESIA**

HARoes MEMPOENJAI INI BOEKOE :

**„POESAKA INDONESIA”**

(ORANG-ORANG BESAR TANAH AIR).

Seboean boekoe tebal dan besar jang tak ternilai harganja. Himpoenan sedjarah pengandjoer bangsa kita jang terkemoeka, penghidoean dan per-djoangannja. Masing-masing memoeat gambar jang diriwajatkan.



Jaitoe : T. Imam Bondjol, Teukoe Oemar, R. A. Kartini, Singa Mangaradja, Regen Radja Gedombang, Willem Iskandar, H. A. Salim, Dr. Soetomo, Dr. Wahidin Soedirohoesodo, H. O. S. Tjokroaminoto, Zainoeddjil Labay, Ir. Soekarno, Ki H. Dewantoro, H. Samanhoe-di, Kiai Dahlan, H. Fachroeddin, Prof. H. Djajadiningrat, Dr. H. A. Karim Amroellah, Rasoena Said, Rahman Joeneesjah, Dr. H. Abdollah Ahmad, Dr. A. Rivai, W. R. Soepratman, aRden Saleh, A. Moeis, H. Djalaloeddin Thaib, Ilias Jacob. Parada Harahap, Moechtar Loethfi, M. H. Thamrin, oSetardjo, Wiwoho, Mr. M. Yamin, Mr. Amir Sjarifoeddin, Ir. Anwari, T. A. Moerad, Mr. Sartono, Dr. Soekiman.

Boekoe ini, tak dapat dijétak banjak, karena kesoeletan kertas, Kegem-paran pemesan dari seloeroeh Indonesia dan loear negeri, meliwati batas. Dari itoe, pesanlah sekarang djoe-ga SEBELOEM TERBIT soepaja djangan kehabisan.

Adres penerbit : „PENJIARAN ILMOE” — Fort de Kock.

Pesanan haroes berikoet postwissel harganja á f 1,75 pada :

**POESTAKA NASIONAL — SOERABAJA.**

**TETAP BEROEPA EMAS, TAPI HARGANJA SANGAT MOERAH.**

Perjisan lapis-emas 22 krt. (emas-oekon) terbikin menoeroet pendapatan modern dari Ingenieur English. Lapisannja-emas haloes en radjin. koewat tanggoeng 10 taoen (pake soerat-tanggoengan) dan barangnja model-model paling baroe (model 1940).

- Gelang-tangan oekiran berkembang ... .. per paar f 8,50
- Gelang rantei di-ljasin dengan rantei ketjil boeat madalion per stuk f 6.—
- Gelang krontjong oekiran berkembang (2 matjem 6 stuk) ... per stel f 7.—
- Madalion boeat gelang-gelang rantei atawa kaloeng ... .. per stuk f 3.—
- Rantei kaloeng model bidji timoen atawa laen model ... .. per stuk f 3.—
- Haarspel roepa-roepa matjem Preanger ... .. per stuk f 4.—
- Kebajak speld roepa-roepa matjem paling baroe (brikoet ran-teinja per stel f 4,50
- Rantei horloge model biasa ... .. per stuk f 5.—
- Rantei horloge pakei stempel knop ... .. per stuk f 6.—
- Djoe-ga djoel emas dang markies bermata 14 bidji dari gosokan bril-liant, teriket emas dari 22 karaat harga satoe pasang ... .. f 15.—
- Harga terseboet beloem teritoeng ongkos kirim, kaloe kirim oewang doeloedapet ongkos kirim vrij.
- Prijscouraat bergambar dikirim gratis kaloe diminta.

**GOUDSMEDERIJ „S A F E T Y”**  
TOELONGGONG.

**PRIJANTOEN NGERSAKAKEN**

Tasch oetawi dompet saha sanesipoen barang saking koelit ingkang toelèn?

Mangga koela atoeri mirsani dhateng

**SOERABAIASCHE LEDERWERK & REPARATIE INRICHTING**


**M. S L A M E T**

Embong Malang No. 12, Soerabaja.

Inggang sedija barang-barang saking koelit

baja, sawer lan kalf,

Sarana GARANTIE ingkang njenengaken.



## TABIB GASETA

ONDOMOHENWEG No. 24

SOERABAJA.

Speciaal boeat obat Mata, Bawasir dan Bawasir keloeur darah (zonder operatie).

Saja memberi tahoe dengan hormat kepada toean-toean dan sopat-sobat diantero Hindia Nederland. Saja ada sedia obat-obat boeat segala roepa penjakit, dan djoega mengobati penjakit jang soesah disemboehkan, seperti sakit mata, mata tidak terang (mata merah keloeur air tidak terang petoel) dan lain-lain penjakit. Obat-obat boleh pesan dengan remboers.

KASOETJIAN LAN  
KABENERAN BISA  
NGRANTAS KANG  
RAWÉ-RAWÉ MOE-  
TOENG KANG MA-  
LANG MALANG.

Gesubs. H. I. S. dari  
Neutrale Schoolvereeniging  
HET JAVAANSCHÉ KIND.  
Terletak di Krembangan Westerkade 79, Soerabaja dekat 's-Landskas, jang soedah dapat hak persamaan (gelijkgesteld) dengan Gouvernement H. I. S.

Sekolahan ini memberi pelajaran boeat: Technische School, voorklas dan 1e. kl. Mulo, G. B.A.S. dan Industrie School boeat anak-anak perempuan, djoega memberi pelajaran „Handwerken”.

Orang-orang jang berkepentingan boleh mengadjoekan permintaan akan memaoskan anak-anaknja boeat antero klas pada tiap-tiap hari kerdja antara poekoel 7 pagi 12 tengah hari, kepada kepala sekolah diroemah sekolahan.

Penoelis:  
Mr. SOEDARNO.

Dalem pandjenengan badhé katingal langkoeng asri, toewin penggalih pandjenengan badhé langkoeng resep, manawi kersa ngagem rerenggan sekar saking bloemenhandel:

„VIOOS”

Kerk hofl. 72 Telf. 2010 Z.

Soerabaja.

Sedhija sekar warni-warni ingkang takshir seger-seger. Kersoa moendhoet ing ngriki, peroesahaan bangsa Indonesia, sarta kersoa dhawoeh saking maos s.k. poenika.



## SINAMBI KALANÉ NGANGGOER.....

## DHANGSAH.

SAKA ngendi-endi, Seboel nampa lajang p.f. nélakaké boengah lan maremé marang andharané Seboel ing bab consequentie. Kanggoné Seboel, lajang p.f. kaja mengkonno maoe doedoe barang anjar, moela ora gawé nratabing atiné: béda lan tekané kenalan kang anjar, tansah bisa gawé nratabing atiné..... Man Djamino, kang nadjan saiki wis arep tobat, nanging penjakité lawas sok-sok arep kamboeh manéh.

Panjoewoené Seboel marang para maos, ora preloe paring lajang pangalembana, awit sepisan: kang wadajib nampa pangalembana ikoe moeng sidji ndhiel, jaikoe Goesti Allah Kang Maha Kawasa; kapindhoné: pangalembana ikoe sok-sok malah agawé pitoena, jaikoe: jèn kang dialem maoe bandjoer kasinoengan watak djenang goela: lali. Nanging tinimbang watak nenatjad, jèn Mas Besoet diekon milih, aloewoeng milih: ngalembana; merga saora-orané wong jèn dialebana, atiné bandjoer mbedhodhng sagadjah aboeh, adaté bandjoer loeloh lilih lèlèh; dioetangi dhoewit ija gampang olèhé; didjaloeki barangé, ija ora kabotan; mangka sembojané Mas Besoet: „Kembang djamboe klampok akèh, tinimbang toekoe, ndjaloek waé wis olèh”, — moela ija aloewoeng ngoempak wong dhisik, jèn wis bandjoer di..... thèthèli.

Sawidjining bab kang actueel banget, sarta dadi rerasané para maos kita saiki, jaikoe hab: dhangsah alias dansen. Merga ing Bandoeng saiki wis akèh banget para nonoman bangsa kita kang seneng banget dhansah: botjah lanang peloe-peloean karo botjah wadon karo ngigel moebeng-moebeng, géjat-géjat, kekalangan manoet wiramané muziek.

Bab kang kaja mengkéné iki, wis akèh banget para koelawarga kita kang ana ing Bandoeng, madoelaké marang Seboel, sarta pitakon keprijé sikep kita?

Jèn moeng ditakoni bab sikep, Seboel ora kabotan ngatoeri wangsoelan. Nanging jèn didhawoehi nglarangi aksiné para nonoman maoe, Seboel ora ketjonggah. Sikepé Seboel precies kaja sikepé komité „Mempertahankan kesopanan” ing Bandoeng, jaikoe ora roedjoek marang kasenangan dhangsah ing kalangané kaeom moedha kita, awit kasenangan iki bisa andjog ing djoerang kanisthan lan kasengsaran, gawat banget, mangka para moedha kang isih padha ngantjik ing djaman puberteitsperiode ikoe akèh banget bebajané, sisib sembiré saka kasengsemé dhangsah bisa klemboeng kanginen tanpa masoek angin dhisik.

Dhangsah ikoe kleboe kaboedajan, cultur. Kita, bangsa Indonesia, ija wis ndoewé kaboedajan dhéwé, jaikoe: gen-

dhing lan djogéd. Kaboedajan kita iki, diakoni aloesé lan betjiké déning para poedjangga Koelonan, oega diakoni déning Sang Rabindranath Tagore. Jèn kita wis ndoewé kagoenan ndjogéd dhéwé, kang apik lan aloes, généja teka para nonoman kita kapiloejoe kédanan dhangsah? Pitakonan kang mengkéné iki diadjoekaké déning Man Djamino, kang noeli disoesoel déning mBakajoe Asmoenah: „jèn kita wis ndoewé lagoe krontjong lan tembang Djawa, généja kapiloejoe marang songs from Hawaii and Hollywood?”

Pitakonan iki gampang, sing angèl ikoe: wangsoelané. Mas Besoet ndjaloek permissi mangsoeli dhisik, mengkéné: „Anané para nonoman kita akèh kang kapiloejoe dhangsah lan menjanji lagoe Koelonan ikoe,” padhané akoe dhéwé kang saben dina mangan sega rawon, nanging kala-kala ija kepingin ngrasakaké mangsakan Landha: Huzarensla, hutspot, biefstuk à la kakap, sapanoeng-galané.

Déné Boeng Boeboet, enggonné nerangaké mengkéné: ikoe kabèh saka pengaroehé bioscope. Saka gedhéné daja prebawané bioscoop, nganti para nonoman kita bandjoer kepingin..... nèroe dhangsah lan menjanji.

Adhiadjeng Santinèt, accord karo Boeng Boeboet. Sarta kandha jèn aliran dhangsah lan menjanji ikoe ora kena dibendoeng, bakal teroes mili waé. Tinimbang tjintjing-tjintjing teles, moela Miss Santinèt dhéwé ija bandjoer mèloe mèloe dhangsah pisan lan jèn noedjoe adoes ing badkamer, ija sok-sok menjanji, sanadjan swarané vals, ngereseresi..... mripat.

Jèn arep njingkiri bebaja „doek sandhing geni”, adja kok mrihatinaké kalangan dhangsah lan menjanji, nadjan ana ing sadjroning gedhong lapis pitoe, jèn pantjen arep ana bebaja, ija bakal ketradjang. Ing kraton ing dongengan 1001 bengi, akèh para poetri kang alakoe bandrèk, mangka padha didjaga rapet, toch ija bisa mroetjoet. Moela saka ikoe, bebaja sitok koewi, manoet Miss Santinèt, ora kena kidendhaleni.

Penemoené adhiadjeng iki, ana beneré lan akèh loepoeté. Bener bebajané pasrawoengané para moedha kang ngantjik djaman puberteitsperiode ikoe prasasat ora kena disingkiri, nanging tinimbang dioedja, rak aloewoeng..... didjaga. Jèn dioedja, kang maoené ora nijat, sok-sok ndjijat. Balik jèn didjaga, rak bisa..... ndoewa.

Bab dhangsah muziek, menjanjian, djogéd, tembang lan gamelan, manoet Seboel dhéwé: ana apiké ana èlèké. Apik, jèn wong kang njinaoe maoe mligi saka grengseng kaboedajan, liré sangka enggonné ketarik marang aloesé lan adilochoengé kaboedajan maoe kabèh; nanging alané, jèn moeng kanggo ngoe-

dja hawa nepsoe waé. Nadjan djogéd, jèn karepé arep kanggo ngoedja kekarepan ala kaja djogédé Paman Djamino nalikané isih narajana bijen ana ing kalangan tajoeb, kathik nalika nengahi - nengahi ndjogéd nganggo..... matèni lampoe barang, ija patoet disingkiri. Bab tembang, ija ana alané, oepamané bangsané tembang gandroeng - gandroengan disinaokaké marang botjah tjilik, iki marakaké botjah kang doeroeng sampik oemoer bandjoer bisa malih kaja Sampik Eng Tay. Dadi apa-apa ikoe, sing marahi ala: empan papané, mathoek gathoeké, sarta koedoe didjaga adja nganti..... kebangeten, ngliwati garis. Oepama: djogéd golèk, ikoe apik, nanging jèn botjah wadon diwele pasinaon djogéd waé, saben dina; woelangané ing sekolahan ija bandjoer moendoer. Apa-apa ikoe betjik moeng samadya, ora kokèhan, nanging ora kesethithiken: sedhengan oetawa tengah-tengah.

Neniroe dhangsah ikoe ateges niroe doewéké bangsa lija. Wong neniroe ikoe apik, Nanging généja sing ditiroe kok moeng sing énak kepénak waé, ora nèroe watak-wataké lijan bangsa kang kena kanggo sarana mbetjikaké kaloenggoehan kita: kendel, bandel, gedhé tékadé, sregep sinaoe, gemi, soegih energie, resikan, enz. enz.?

Saoepama para nonoman kita maoe kabèh padha gandroeng nèroe watak kang betjik maoe, méndah..... hébaté.

Nanging jèn Seboel diadjak propaganda, soepaja botjah nonoman kita padha sengkoet dhangsah, Seboel ora bisa nglakoni. Marga ing ngatasé para nonoman ing lija negara kang negara lan bangsané padha merdika, padha ndoeweni koewadhiban kang abot, — teka ndadak para nonoman kita diekon dhangsah-dhangsah. Para pemoedha ing negara Walanda, padha dioendangi mleboe militie, ndjeboel para moedha ing kéné arep dioedja waé dhansi-dhansi. Para moedha ing Inggeris padha ketar-ketir jèn njawané disamber pèlor, ndadak pemoedha kita ing kéné gijak-gijak ngigel kaja hula-hula. Jèn manoet nalar kang djedjeg, réhné bangsa kita isih padha anggajoe kamoeljan, mesthiné mono para pemoedha kembang bangsané, koedoe malah ndoeweni koewadhiban kang loewih abot, loewih gedhé manéh, Moela saka ikoe, Seboel ora roedjoek marang aksi dhangsah, lan ija ora roedjoek jèn para nonoman moeng mligi arep ngoedja kasenangan ing bab menjanji, muziek, tembang, gendhing, djogéd waé, tanpa mikir lan gegoelang kaotaman, reréwang ana ing pagerakan, diperdi ing barisan partai politiek, soepaja mbesoek diwasané, bisa anggenteni koewadhiban sing wis toewa-toewa, kaleboe oega si:

SEBOEL.



## KEREME KAPAL „BRANTAS“.

Kradjan Madjapahit lahir maneh?

Déning: LOEM MIN NOE.

VI.

—o—

SOEKRESNA bandjoer nggelaraké panemoené, ngandhakaké rékadaja apa kang arep dilakokaké. Anoesapati lan Gamplong manthoek-manthoek, nandhakaké jèn saroejoe. Bandjoer kabèh diboeboehi pegawéjan dhéwé-dhéwé. Gamplong saiki dioctoes nganglang ing koetha, ngisep-isep pawarta, déné bendarané loro njepak-njepakaké apa kang arep kanggo.

Let rong djam maneh Gamplong wis teka, ngatoeraké apa kang mentas diroengoe lan diweroehi. Wajah pangobongé Sriwoelan ditetepaké mengko beangi, panggoengan kang dhoewoeré watara 50 meter wis dadi, mengkono oega toempoekan kajoe ing ngisor panggoengan ja wis ditata. Pengatoeré pangobongan dipasrahaké marang para djoeroe noedjoem kang dipanggedhèni déning Ki Soepadjenggi dhéwé.

Isih soré ing aloen-aloen kidoel ndaldir ilining wong kang padha arep ndeleng pangobongé Sriwoelan. Béda-béda gagasan lan rerasané para penonton maoe. Ana kang mesakaké déné poetri kang banget éndahé sadhela engkas bakal dadi pangané geni. Sawatara manéh golongan fanatiek, ngrodjongi banget marang patrapé djoeroe noedjoem, kang diantepi sesantiné: „Korban kanggo Sang Nata lan koethané kang banget ditresnani ora kena ora koedoe ditindakaké.“

Soekresna lan kantjané loro oega wis samapta, ngoempoel awor wong akèh karo ora lèrenalèren mbombong lan nenoctoeri pihak kang welas marang Sriwoelan. Tradjangé sadjak mikolèhi, tjajahé golongan maoe saja akèh, kankéné keproengoe alok soepaja pangobongé poetri Madjapahit diwoeroengaké baé. Djaré ora mentala jèn kenja kang ora dosa dadija toembali pradja.


Soekresna ndeleng arlodjiné, saiki wis djam sepoeloeh. Ing aloen-aloen peteng ndhedhet, Hjang Tjandra kang wiwit ndhadhari, aling² ing samboeriné mendhoeng, kaja-kaja mæloe sedhik ngrasakaké lelakonné Sriwoelan, sedhik jèn mikir boehoné wong koetha Madjapahit. Koendjara diwengakaké, klajan dipoejoe ki tetaboehan kang ngrangin, kembang Madjapahit diirid para djoeroe noedjoem menjang panggoengan. Penganggoné Sriwoelan sarwa poetih, ramboeté diroré, direngga nganggo makoetha saka kembang melathi. Wong nonton padha tjagak. Ing batin ngalembana marang éndahing roepa oetawa tataging atiné Sriwoelan. Awit nadjan arep dioekoem pati, katonné ora miris, lakoéné tegak, kaja-kaja arep noedochaké jèn wanita sedjati koedoe tatak lan tanggon ing sabarang gawé. Ora ana kang wani tje-

moewit, kabèh ngampet ambegan, paribasana moenggoeh ana dom roentoech bisa keproengoe.

Soekresna nggonné mandeng Sriwoelan kedhèp tesmak. Selawasé oerip ora taoe weroeh kenja kang semono éndahé, semono kekendelané. Moenggoeh ana kenja kang patoet didjoeloekana „Srikandhi“, Sriwoelan koedoe ditjathet nomer sidji. Ora larang jèn kenja mengkono maoe tinoekoewa ing pati. Ing batin prasetya, nadjan ngantija tekan poengkesan pisan, dhéwéké arep njoba ngloewari sang éndah saka pantjabaja.

Anoesapati bareng weroeh adhiné, arep mberot, nradjang barisané para djoeroe noedjoem, nanging digondhèli déning Soekresna, karo tjathoe lirih nanging mantep: „Mas Noe, sing éling lan waspada. Adja groesa-groesoé, Apa kang bakal kita tindakaké ikoe ndjaloe sakabèhing tenaga. Apa gegaman wis tjomepak kabèh?“

„Adja soemelang, dhimas“, wangsoelané Anoesapati karo noedochaké mitralleur tjilik kang diboentel ing saroe ngé.



Ing serie tjandhaké para maos bisa njandhak karepé gambar ing ndhoewoer ikoe.

„Ija, nanging sing ati-ati. Sampéjan kena migoenakaké ikoe jèn enggonkoe mitoeoengi Sriwoelan nemoni alangan, sadoeoengé adja. Déné kowé Plong, kowé rak ja wis ngerti marang apa kang koedoe kok tindakaké? Kantja-kantjamoe sebaren ing aloen-aloen, kandhanana jèn bisa kaleksanan bakal gedhé gandjarané.“

„Sampoem koewatos, ndara. Bab gandjaran, nadjan mboten dipoen paringana pindhah, sadaja inggih poeroen ngriakaken pedjah gesang kanggé kawilodje-

nganipoen ndara Sriwoelan“.

Tekan ing panggoengan Sriwoelan dikanthi déning Ki Soepadjenggi loemeboe ing ndjeroné pantjaka, déné djoeroe noedjoem lijané miwiti njoeled kajoe kang wis ditoempoek ing sangsoring panggoengan.

Siomprèt, soeling, kendhang lan gong, kang ditaboeh nganakaké lelagon kang gawé anglesing ati, gawé mengkoroging githok.

Soekresna ndjawil mitrané karo tjelathoe: „Saiki koedoe pepisahan, nindakaké kewadjané dhéwé-dhéwé. Ajo padha andoem slamet baé“.

Kajoe kang disoeled moeroeb ngalad-alad. Soekresna misah, ninggal Anoesapati, mbandjoer loemakoe njedhaki panggoengan. Para djoeroe noedjoem ngroeboeng kajoe, ndandani oeroebé geni. Wong akèh ndeleng mendhoewoer, ngentèni ambjoeré Sriwoelan menjang geni. Nganti tekan lawangé pantjaka ora ana wong weroeh marang Soekresna.

hen njembadani kridhaning kang pindhah Srikandhi, mbandjoer ngroedapeksa, migoenakaké kekoewatané. Kaping-kaping kepelané ngenani rainé Sriwoelan, nanging nadjan ngrasakaké lara kang banget, meksa ora keproengoe sambaté, malah tangané kiwa Ki Soepa ditjekl mbandjoer..... ditjakot. Déning Ki Soepa sirahé Sriwoelan didjoelegaké mengisor nganggo tangan tengen, pipiné didjepit nganggo dridjiné kang koewat. Sriwoelan mangap, panjakote oewal. Tangané Sriwoelan karo pisan ditlikoeng memboeri, tjengel lan sikilé ditjekl, mbandjoer dioemboelaké, diangkat menjang pinggiring kamar.

Wong-wong kang nonton, ing ngisor klajan tjetha weroeh wajangané sang poetri kang manganggo sarwa poetih, dibopong déning Ki Soepa. Kabèh angles atiné, rasa welas, kang maoené kasileb déning goegon toehonné, saiki wiwit thoekoel manéh. Penonton padha ndhingloek, toemoengkoel lemah, kaja ora tegel ndeleng apa kang bakal kelakon: roentoeching kenja kang tanpa dosa saka pantjaka menjang segara latoe.

Ja ing wektoe ikoe Soekresna loemeboe ing ndjroné kamar. Ki Soepa kroengoe ana wong loemeboe, nolèh, dikira salah sawidjining pembantoené kang noesoel dhéwéké. Sapira kagété, bareng kang teka maoe doedoe kantjané djoeroe noedjoem, nanging prija gedhé dhoewoer, kang dhéwéké ora taoe weroeh, Patjakané njlenèh, ora padha karo oemoemé wong Madjapahit. Pitakon kang moentjoel ing kalboe ora nganti kawetoe, awit Soekresna mbandjoer njekel poendhaké Ki Soepa, ngreboet Sriwoelan, saka pondhongané.

Saka rosané pangrangsang maoe, Ki djoeroe noedjoem kapeksa ngetjoelaké badané, nanging mbandjoer sijaga arep loemawan. Ki Soepa weroeh, jèn adoe karosan karo kang pindhah Werkoedara ikoe doedoe tandhingé, moela mbandjoer narik poesaka arep ditamakaké moengsoehé. Klawan lon-lonan Sriwoelan diselèhaké ing djrambahé kamar, mbandjoer Soekresna nangkis keris kang arep disoeoekaké awaké. Djanggoeté Ki Sepa sadjeroné njander rada madjoe, diantem Soekresna nganggo gegaman kang atosé kaja wesi. Djoeroe noedjoem tiba kloemah, nanging mbandjoer bali ngrangsang manéh. Tangan kang ngliga keris, déning Soekresna kena ditangkis, dikipataké mendhoewoer, wetengé moengsoehé didhoepak sak rosané. Saka banteré pandhoepek, Ki Soepadjenggi glogoran moendoer, natap gedhèg dhangdhangané kamar, mbandjoer roentoech ambjoer saka pantjaka tiba ing geni.

Mesthi baé kedadéjan mangkono maoe agawé kagété penonton kang ora ngerti nalaré. Golongan kang ngréwangt Sriwoelan njoekoeraké Ki Soepa, boengah banget déné sang éndah ora sida kobong. Batinné pitakon: apa kirané Hjang Wisnoe njaboet dhawoehé, weroeng ngrasakaké kembang Madjapahit dadi toembali negara. Kosok balliné para djoeroe noedjoem lan para kang ngrodjongi Ki Soepa, banget nepsoené déné kang kadjeoger ing geni doedoe Sriwoelan, nanging malah Ki Soepa dhéwé.

(A n a t j a n d h a k é).

—o—





**MOEHAMMADIJAH DJOMBLANG.**

Nalika bengi Minggoe 2-3 Maart 1940, Moehammadijah groep Djombang (Cheribon) nganakaké tablig, déné kang nekani koerang loewih wong 200. Njata manawa ing Djombang oega wis thoe koel semangat Moehammadijah. (abn. No. 27030).

**PERSATOEAN PELADJAR ISLAM NGAWI.**

Saka ada-adané botjah-botjah Ngawi kang padha sekolah ana ing Solo, saiki padha ndhapoek (ngedegaké) koempoelan kang didjenengaké P. P. I. N. Lidé wis ana 32. Dipimpin déning sdr. Zaénodhin, panitra sdr. Mminoeddin, hartaka sdr. Kiromoen. Moega-moega bisa widadana. (kw. No. 1028).

**WAKIL KEPOETRIAN.**

Nembé iki nalika persidangan gemeenteraad Soerabaja, para wakil - wakil Parindra wis ngandharaké bab ada-ada kang ngepénakaké toemrap oeripé sedoeloer kampoeng.



Déné wakil kepoetrian, ja ikoe Wara Soedirman wis medharaké pendja loeké soepaja Armenzorg kang kanggo bangsa kita diwènèhi subsidie kang tjoekeop, mengkonon oega bebadaan social lijané. Njata jèn wakil-wakil kita migatékaké marang kaperloewané rakjat, pendhoedhoek kampoengan.

**HONGEROEDEEM ING BINANGOEN.**

Sanadjan kang wadjab wis mboedidaja sarana maringi tjadhong beras, éwadéné meksa ana pendhoedhoek sing ketaman jara marga kelowèn. Djalaran olèhé maringi pitoeloengan tjadhong woes kaséj. (W.A.).

**E. E. R. MADIOEN.**

Nalika tanggal 3 Maart 1940 perkoempoelan spaarclub „Enthénging Economie Roekoenan” (E. E. R.) ing Madioen mentas mèngeti adeding perkampoelan wis i taoen. Toedjoening perkoempoelan ing nggemèni pametoé lan noeloeng wargané sing kesoesahan. Sawisé matja verslag-verslag bandjoer pilihan bestuur. Katetapané: voorzitter R. Woerjanto (lawas), secretaris R. A. A. Asim Katsami (lawas), peningmeester M. Soehendi (lawas), commissarissen R. Soepipto lan R. Isdarmawan. (Wur.)

**ROEKOEAN WANITA DJAMBON.**

Ing désa Djambon Kradenan, wis madeg pakoempoelan R. W. Senadjan tjilik, stanging katara madjoé. Moega-moega bisa widadana, kalis ing lelara bosenan. (abn. No. 25005).

**BOEDIHARDJA SOLO.**

Nembé iki Boedihardja wis klakon nganakaké rapat taenan kang kaping 6, manggon ing dalemé sdr. Hardjahoetomo Karangasem (Solo), rapat dipimpin sdr.

**KATOER MARANG PARA SEDOELER ING SOERABAJA.**

Soepaja adja nganti kasoepèn, para pamaos P. S. kang dedalem ing sadjroning gemeente Soerabaja, kita élingaké, kang isih doeroeng padha dadi kiezer, soepaja padha kirim lajang marang gemeenteraad afd. stemcommissie, karo nerangaké :

- 1. asma tjilik lan seboetané,
- 2. pagawéjané,
- 3. dalemé ing kampoeng endi,
- 4. sekolahé weton sekolahan apa,
- 5. manggonné ing Soerabaja wis pira lawasé,
- 6. sarta ndjaloké katjathet dadi kiezer.

Perloené soepaja asma pandjenengan bisa kleboe ing boekoe pamilihan, ditetepaké dadi kiezer, dadi mbésoek samangsa - mangsa ana pilihan kanggo wakil ing gemeenteraad, pandjenengan bisa mèloe berdjoeang milih djago pandjenengan.

Palapoeran bab iki moeng kena katindakaké ing sadjroné sasi MAART iki waé. Moela adja ngendhé - endhé, betjik kirima lajang SAIKI oega marang gemeenteraad afd. stemcommissie.

Sadoeroengé, kita ngatoeraké panoewoen kita.

Parindra tjabang Soerabaja.

Ismoetiar M. Pamoedji.

Wiroadhardjo. Patemon kasboet kadjaba ngremboeg keperloewaning koempoelan oega nganakaké pilihan bestuur kaja adat. Olèh - olèhané kaja iki: ketoea sdr. Wiroadhardjo, ketoea moedha sdr. Soepardjo, panitra I sdr. Mangoenhartono, panitra II sdr. Soetikno, hartaka I sdr. Sastrosoetjipto, hartaka II sdr. Hardjohoetomo.

**P. P. P. D. SOLO.**

Perserikatan Pegawai Pegadaian Djawa, panjoewoenané bab teteping dina li-boeran lan wektoené panjamboetgawé mehjang pamerintah, wis diparengaké sarana lajang officieel nalika 28 Febr. 1940. Kang ikoe woes samesthiné jèn dhawoeh maue tinampa kanthi goembira déning sakabéhing poenggawa. Gandhèng karo ikoe, rapat bestuur nalika 2 Mrt. 1940 moetoesaké: ndhapoek comité (c.v.o.) kang bakal nampa rapat pahargyan. (Koelawarga 18617).

**FEDERATIE PERK. POETRI PEKALONGAN.**

Nembé iki manggon ing dalemé sdr. wara D. Permana; woes klakon dianakaké pertemoan kang kapimpin déning sdr. wara Parmoedjo. Ing antarané kang nekani saka: Aisijah, Poetri Mitra Soendha, Poetri Pegadhéjan, Poetri Post, Poetri Boedi Sedjati, J. I. B. D. A. lan Widoeri. Kanthi disaroedjoeki déning pertemoewan woes kasil ndhapoek bebadaan federatie kang toemoedjoe njamboet gawé gotong-rojong beharengan. Déné bebadaan federatie iki ditetoewani déning sdr. wara Ranoe saka Aisijah. (P.)

**MBRANAS WOETA SASTRA.**

Lijané ndhapoek spaarfonds sarta njinaoe bab olah-olah pendhak tgl. 20, perkoempoelan arisan kaoem iboe Oengaran oega njinaoe basa Walanda kanggo para wiwitan. Ing kampoeng Kloewihan tw. Soetopo mimpin pasinaoe matja lan noelis toemrap kaoem wanita. Adja padha bosenan loer!

**ISLAM STUDIECLUB OENGARAN.**

Toewan Abdoelkarmen ada-ada nganakaké Islam studieclub. Jèn para intelektual mbantoe, mesthi bisa dadi Oengaran voorruit.

**PARINDRA NGANDJOEK.**

Ing Ngandjoek wis ana rantjangan arep madeg tjabang Parindra, oega bakal

nganakaké bebadaan Roekoer Tani lan pambrantas woeta sastra. Saiki komité wis olèh anggota wong 20. (Sh.)

**KABAR OENGARAN.**

Ing sasi April tgl. 5 lan 6 wajah beangi muziek club „Moerni” arep ndhapoek tooneel opvoering. Minangka djedjer jaikoe lakon kethoprak soembangané sdr. Martoprawiro. 15% saka kaentoeangan kanggo sokongan Asib.

Rakjat Oengaran woes katon padha ngarep-arep tibané titi mangsa maue.

**PERGOEROEAN PARINDRA TJABANG SOERABAJA.**

Bebadan kaseboet, sawisé ditinggal séda déning tetoewané jaikoe sdr. R. Soegiarjo, kampoengkoer iki wis misoedha pengoeroes anjar, jaikoe sdr.-sdr.: R. Wahjopradoeno ketoea, Dr. Soeatmadji ketoea moedha, R. Soehardi penoelis I, Adisoedarmo penoelis II, M. K. Koestoer bendahara, lan para pembantoe sdr.-sdr.: wara Soegiarjo, wara Ronggodanoekoesoemo. Prangko, K. Ng. Soetopo, Moh. Fekih, R. Soetono, Mascan, R. M. Djokosangkolo.

Sidji-sidjiné warga pengoeroes wis kapatah ndakaké koewadjabané dhéwé-dhéwé, kajata bab: Bouwfonds, Administratie, Commissie pengadjaran lan pendhidhikan, Cursus goeroe, lan lija-lijané.

Alamat sekretariaat: Donokerto III No. 21.

**PIROEKOEANING WANITA BANJOEWANGI.**

Sawatara dina kepoengkoer nganakaké rapat koelawarga taenan, manggon ing pamoelangan Tenoen Karangbaroestraat. Kang nekani 30 anggota, kang diremboeg: ngesahaké notulen; verslag taenan; ngremboeg perajaan R. A. Kartini bésoek tanggal 21 April '40. Anggota kabèh moefakat, déné ongkos nganakaké oeroenan saka anggota sederhana.

Pilihan pengoeroes anjar, kang dipilih jaikoe: ketoea nj. D. Sosroprawiro, penoelis nj. K. Soejoed, bendahari nj. I. Hadi Soendjojo, comm. n. Soepijah lan a. Soeratri. (abn. No. 28433).

**PERAJAAN P. P. A. J.**

P. P. A. J. wis kaleksanan napoekaké gawé windon nalika 8/9 lan 9/10 Maart. Soré kang kapisan kanggo para Parindristen, soré kang kapindho kanggo oendangan. Ing soré kang kapisan sadoeroengé perajaan diwiwiti, dianakaké oepa-

**S. K. TRIMURTY.**

Sedoeloer S. K. Trimurty, ing dinané iki isih nglakoni oekoeman merga pers-



delict „Sinan Selatan”. Soek ing witané sasi Mei, wis loewar, lan kabaré bakal mèloe dadi oetoesan kampoengé menjang konggrès Parindra ing Bandjermasin.

Nanging, nijatan kang mengkéné iki doeroeng karoewan bisa, merga saiki kakoengé (sdr. Sajoeti Melik), hoofdredacteur weekblad „Pesat”, katahan déning poelisi Semarang, merga kesangoet persdelict oega.

Jèn prekané sdr. Sajoeti ora sida ditentoet, kira-kira sedyané arep menjang Bandjermasin, bakal kaleksanan.

tjara maringaké gandjaran marang sawatara pengoeroes. Kalajan marem para rawoeh padha migatosaké tontonan-tontonan kang katindakaké déning botjah-botjah P. P. A. J. Ing pamoedji moega ngantjike taoen kang kasanga saja madjoé lan lestari widadana.

**O. W.-BELASTING.**

Volksraad wis njaroedjoeki toemrap toemindaké Oorlogswinstbelasting, jaikoe padjeg toemrap bebathèn marga kahanan perang. Wates kaentoenganing N. V. kang kena padjeg dioendhakaké dadi 5%.

**S. V. K. KEPANDJEN.**

Sekolahan iki sanadjan nandhang alangan roepa-roepa kang tansah loemintoe, nanging katonné ora malah saja moendoer, nanging malah kosokbaliné. Dhasar pantjèn njata, moeridé ing saikiné loewih akèh tinimbang bijèn, toer wis tentrem ora ana soewara apa-apa manèh kang kebangeten. Déné bagéjan schakel barang isih tansah dianakaké (vierjarige schakel afd.).

**P.B.S. TJABANG KERTOSONO.**

Sh. ngabari: Dhék tanggal 3 sasi Maart iki ing Kertosono wis madeg tjabang P. B. S. kang oega diangkat déning Hoofdbestuur saka Soerabaja. Katetapané kang dadi voorzitter wara Moersito, vice voorz. wara Moeljono, secr. wara Soerat, penn. rara Soewartien, comm. wara Djatipramono lan ni Oemimartini. Kang ngrawoehi akèh, malah oega njonjah-njonjah Tionghoa barang merlokaké teka.

**P. G. I. TJABANG OENGARAN.**

Saka ada-adané tw. S. Sastroedjono ing Karangdjadi ing Oengaran woes madeg tjabang P. G. I. Tjajahing lid ora koerang saka 40. Kadjaba P. G. I. oega madeg Roekoer Goeroe Oengaran sarta Pagoejoeban Goeroe Oengaran.

**TAMAN SISWA TJAROEAN.**

Doeroeng soewé iki T. S. Tjaroean nganakaké pilihan warga anjar toemrap ing bebadaan - bebadaan: a. Badan Pemimpin sdr. Ki Djonosoedarmo, sdr. Ki Darmadi, b. Madjelis Goeroe: ketoea sdr. Ki Djonosoedarmo, penoelis: sdr. Ki Darmadi, c. Badan Pengoeroes: ketoea: sdr. Ki Darmadi, penoelis: sdr. Ki S. Warjaathmaya, d. Badan Pemangkoer Benda: sdr. Ni Siti Woerjani, sdr. Ki Djonosoedarmo, sdr. Ki Darmadi, l. Badan Penasehat: sdr. Partosoedarmo, sdr. Praptoedarmo, sdr. Wigjosandjojo, sdr. Kartohardjo, sdr. Atmopawiro, sdr. Gitosoenarjo.

**C.C. „PENGADJAR“ SOEMBER-POETJOENG.**

Crediet Cooperatie ing ndhoewoer ikoe, kang bijén lidé ngemoengaké para goeroe, saiki mènèhi kelonggaran marang para kantja kang doedoe goeroe, kang banget mboetohaké. Pengeroesé anjar jaikoe: voorzit. sdr. Hardjodwirjo, secr. sdr. Saikopatie, penn. sdr. Ahmataroena, comm. sdr. Hardjodwirjo lan ni Sriari; commissie van toezicht: sdr. Kamtowardojo lan sdr. Soerono. (kw. no. 18685).

**P. M. P. WAROEDJAJENG.**

R. M. P. (Perkoempoelan Menambah Pengetahoean) ing Waroedjajeng, mentas nganakaké rapat warga, ana dalémé sdr. Wignjosoedarmo, perloe ngremboeg bab perslah taenan, lan dianakaké sesorah.

Kang sesorah sdr. Adisoemardjan bab: Djer basoeki mawa béja: Kang njekel bestuur kanggo taoen iki: pangarsa sdr. Wignjosoedarmo, panitra sdr. Dartomandajono, hartaka sdr. Ni Roekmini, warga roemaksa sdr. Ni Moeninah, lan sdr. Sastrohoetomo. Soek sasi April 1940, nganakaké darmawisata menjang G. Kloethok. (A.S.)

**V.O.B. WAROEDJAJENG.**

V. O. B. Waroedjajeng ngirimaké oetoesan 2 menjang conferentiené ing Madioen. Déné kang dadi oetoesan jatkoé sdr. Ni Timoer Adi, lan sdr. Kartimin. V. O. B. Waroedjajeng arep nganakaké pertemoewan karo para garwané. Moega-moega bisa kasil. (A.S.)

**OPENBAAR B. P. P. B.**

B.P.P.P.B. ing Balong (Djember) wis kaleksanan nganakaké rapat openbaar, kanthi dipimpin déning sdr. Soejoedi, kawigatèn njokoepi, déné sing diwedharaké: Aazas lan toedjoeuan, déning sdr. Roestam Effendi (Pemoedha T.P.I.), Koewadhiban pemoedha, déning sdr. Sakim (Surya Wirawan). Pesrawoengan pemoedha lan pemoedhi, déning sdr. Atmari (Stap).

**TAMAN SISWA LAN LOON-BELASTING.**

Ing sadjroné Taman Siswa isih ngenéni kabar sida lan orané dikenakaké loonbelasting, goeroe-goeroe ing sawatara tjabang padha dikenakaké padjeg pengasilan. Pemimpin Oemoem mrajogakaké soepaja goeroe-goeroe kang kena padjeg pengasilan maoe padha ngestokaké, awit ikoe kang tjtjog karo azas Taman Siswa.

**TAMAN SISWA TANGERANG.**

Badan pengeroes Taman Siswa tjabang Tangerang ndjalok kakabaraké manawa kanggo ngowataké badan ikoe netepaké toewan Soekardi dadi konsoel ing reh Sepaton, toewan Pradja kanggo reh Pahoearan.

**SEDYO RAHAJOE INDAH PREMBON.**

Nalika dina Minggu tanggal 25 Februari boeroe iki, bank-cooperatie „S.R. I.“ Prambon wis nganakaké rapat taenan manggon ana omahé sdr. M. Soejono ing désa Gedangrowo. Poengksané taoen 1939 „S.R.I.“ wis doewé dhoewit f 530.— loewih. Antara lijané sing di-remboeg jaikoe bab anané rechtspersoon-ordonnantie. Mitoeroet kandhané sdr. Koemadi, oetoesan saka vakkundig ambtenaar voor de cooperatie, „S.R.I.“ sedhela manéh bakal olèh hak rechtspersoon Boempoetra.

**BANDJIR ING NGANDJOEK.**

Saka gedhénéng oedan, ing Kedoengsoka Ngandjoek (Soekomoro) ing saki- doelé dalan spoer, sawah pirang-pirang

baoe padha kebandjiran, kang banjoené tansah megoeng, ing mangka wis boebar tandoer. Mesakaké paman tani. (kw. no. 2080).

**WIDOERI PEKALONGAN.**

Pakoempoelan kaoem iboe „Widoeri“ ing Pekalongan, jaikoe pakoempoelan kang adhedhasar kasosialan lan azasé kabangsan lan kerakjetan, wis mbangoen bebadan pembrantasan boeta hoeroef kanggo sakabéhing kaoem iboe Pekalongan kang isih boeta hoeroef kalajan gratis. Kaoem iboe Pekalongan kang doerong bisa matja lan noelis olèh kalonggaran kanggo sinaoe. Kita pepoedji moega bebadan maoe olèh kawigatèn gedhé, lan lestari kalis ing sambékala.

**TRAM SEMARANG.**

Witwt 1 Maart kepoengkoer tram ing koetha Semarang wis sida kascewak, sanadjan dialang-alangi déning wakil-wakil kita gemeenteraad. Tram maoe saiki diganti bus. (kw. no. 23244).

**C.C. „ROKAM“ TRENGGALEK.**

In désa Karang Trenggalek wis maged pakoempoelan crediet-cooperatie kang djenengé kasboet ndhoewoer. Toedjoeuané pakoempoelan maoe antarané: nganakaké bebadan kang bisa ndandani economie padésan, oepama crediet-cooperatie, loemboeng-cooperatie, tetanèn l.l.l. Oega mbrantas woeta sastra,

lan ngoerip-oerip kagoenan kabangsan. (abn. 26600).

**WATANGAN - BOENTARAN.**

Sedyatama ing Mataram noelis: „Sampoén naté koela kabarakén K. B. I. badhé damel sandiwara, ingkang angsal-angsalanipoen sadaja kanggé waragud Perkino (Perkemahan Kepandoean Indonesia Oemoem). ingkang badhé dipoen wontenaken bédjing sawataris woelan malih wonten ing Soerakarta. Sandiwara waoe mendhet lampahan „Boentaran - Watangan“ manoet teks karanganipoen toewan imam Soepardi ing Soerabaja.

Kala waoe daloe (malem Setoe tanggal kaping 8 malem 9 Maart), sandiwara waoe damel generale reptitie, manggèn ing schouwburg Hoakiau Societeit Mataram. Ingkang ningali kathah sanget, ngantas mentjep-mentjep, salong sami ngadeg; boten oeman koersi, naluh para sepoeh inggih kathah ingkang sami mrelokaken ndjinggleng, mètani lampahanipoen rol ingkang wigatos.

Angsal-angsalanipoen „djempoel“, pantes dados tontonanipoen para ingkang sami migatosaken dhateng oelah kasatrijan.”

Boekoe „Watangan - Boentaran“ iki bisa toekoe ing Poestak Nasional f 0,30.



**IHTIJAR BEDHAMEN. Katindakaké déning Zweden.**

**BARENG** pangangsegé wadya Roes saja soewé dirasa moetawatiri toemrap djedjeré Finland, sadjaké saja gedhé adrengé salah sidjining pradja anggoné arep njapih. Sing dhisik dhéwé Djerman. Nanging toemeka saiki doerong ana kenjataané. mBandjoer kang kèri dhéwé iki dikabarké manawa U. S. S. R. (Roeslan), Zweden lan Djerman gawé rantjangan bedhamen. Nanging kang njata, jaikoe pradja-pradja ing satjedhaké Finland, jaikoe Zweden lan Noorwegen, wiwit ngrasa koewatir. Kang dikoewatiri jaikoe jèn Finland kelakon bedhah, ora mokal manawa Roeslan saja nglandjakaké djangkahé marang pradja - pradja maoe. Roeslan wis nerangaké marang Zweden leantaran gezant-é, jèn ora bakal ngoetjik-oetjik tapel wates Zweden. Nanging mesthiné Zweden nganggèp loewih be- tjik sedhija pajoeng sadoeroengé oedan.

Nasibé Noorwegen, kang adoe wates karo Zweden, ora béda karo nasibé Zweden. Moela pradja iki ija ora kari mèloe-mèloe prajitna. Pradja Zweden lan Noorwegen wis saiejé bakal ngandhemi kamardikané lan nanggoelangi samangsa ana kedadéan kang moetawatiri, jaikoe sarana nganakaké pradjandjijan militair.

Kajadéné pradja - pradja ing Balkan, pradja-pradja ing Skandinavia oega ora tjilik kekoewatirané. Moeng Denemarken kang isih kepentjil, ora mèloe ing verbond militair maoe, awit nitik doenoengé dhéwé tetanggan karo Djerman, ora kepénak manawa mèloe ing sarikat militair maoe. Ing wektoe iki temboeng sarikat militair kerep kaproengoe. Loewih-loewih ing kalangané pradja-pradja tjilik, kerep kaseboet-seboet jèn pradja A nganakaké sarikat militair karo pradja B kang padha tjiliké, jaikoe kanggo djaga-djaga manggoelangi agressiené pradja gedhé.

Jèn kita nitik kepentingané Djerman ana Zweden, jaikoe pametoené wesi, mesthiné Djerman saroedjok marang Zweden anggoné djaga-djaga dhiri maoe. Pembijantoené Djerman marang Zweden moeng bisa awoedjoed pamboedidaja panjapih, dadi ora bisa awoedjoed kekoewatan, mar ga ngélingi sobatané karo negara Stalin. Ikoé sebabé déné Zweden ora wani ngoeloengi pembijantoe marang Finland, kang tjetha wéla-wéla kaslametané dhéwé goemantoeng marang kasil lan orané Finland anggoné nanggoelangi panjangkeremé Broewang Merah. Nanging éwa semono ora wani njokong Finland awit koewatir jèn olèh kedhèpan saka Djerman. Lan ija ora wani ngililani pradjané dianggo liwat bantoe- wan saka Inggris

Nitik pamboedidajané Zweden lan Noorwegen kasboet ndhoewoer, njata manawa saja soewé saja ngaléla manawa pradja-pradja neutraal ora bisa mageri ke-neutralané kanthi koekoeh. Pradja-pradja neutraal tan kena ora koedoe koekoeh, ora dhéwé-dhéwé, nanging bebarengan.

Pradja neutraal kang kaleboe koekoeh dhéwé ora ana manéh kadjaba Itali. Itali kena kita seboetaké djedjenggoeling pradja-pradja neutraal. Nembé iki Itali ija mboektèkaké manawa dhéwéké dadi tetoenggoeling pradja-pradja neutraal, jaikoe nalika Inggris ngendheg kapal amot kiriman steenkool saka Djerman marang Itali. Itali kirim protest keras marga kedadéan ikoe, lan ngantjam arep ndjabel perdjandjijan Inggris — Itali nalika taoen 1938.

Protest-é Itali ikoe kajadéné njakoep protest-é pradja-pradja neutraal lijané, kang padha éring marang Inggris. Inggris doega doega ora bisa ngoekoehi tékadé ngentjengi blokkade kang oemandoek marang Itali maoe, awit Itali wis ngantjam jèn bakal ndjabel perdjandjijané karo Inggris, sarta kapal kang diendheg ija bandjoer kena mbandjoeraké iako- ené. Perdjandjijan iki antarané netepaké jèn Itali ngoermat tlatah pengaroehé Inggris (invloedseer ing Samodra Tengah sisih wétan.

Pelanggaran - pelanggaran we- wenangé pradja neutraal saja soewé kajadéné kedadéan sedina-dina. Kapal vrachtschip Nederland, „Elzèna“ kang pinoedjoe lajar menjang Inggris, ana ing tengah diserang déning kapal terbang. Kabaré kapal terbang Djerman. Kapal terbang Belgi kang pinoedjoe maboer ana ing tlatahé dhéwé oega mentas dadi koerbaning pelanggaran maoe, jaikoe dibedhil déning pradjoerit Djerman.

Minister Winston Churchill oega mentas noetoe marang pradja-pradja neutraal généia sadjaké wis padha koelina marang pelanggaran - pelanggaran kang ditemah déning Djerman. Nanging panoetoe mangkono ikoe doega-doega ngemoe pamrih soepaja pradja-pradja neutraal ana ing sisihé Inggris.

Sadjroné kita noelis andharan iki, Sumner Welles (oetoesan Amerika) menjang Paris, nemoni presidènt Lebrun lan minister Daladier. Rerembogan karo Hitler wis kepoengkoer. Nanging ora ana kang soemoeroep kalajan pasthi apa kang diremboeg déning Hitler lan Welles ikoe. Moeng kalangan sethithik kang ngerti temenan. Kabaré Hitler ngadjokaké limang prakara kanggo tanggoengan selèh gegaman. Jaikoe:

- a. Djerman ngoekoehi wewenangé ing Bohemen, Moravia lan Polen.
- b. Inggris koedoe ngetioelaké pepenginané mrabawani Skandinavia.
- c. Soesoeh - soesoeh badjag

doewèké Inggris ing Gibraltar, Malta lan Singapoer koedoe dilangi,

d. Toemrap Europa koedoe ana sembojan: Europa Tengah kanggo bangsa-bangsa ing Eropa Tengah, lan

e. Djadjahan-djadjané Djerman koedoe bali.

Manawa limang prakara ikoe disaroedjoeki, Djerman sagoeh sèlèh gegaman.

Nanging ing dhoewoer ikoe moeng pangira-ira waé. Kalangan ing Djerman ndorakaké pangira-ira ing ndhoewoer ikoe. Prakara kang dadi remboeg déning Sumner Welles lan Hitler isih peteng. Piremboegané karo para manggala pradja ing Prantjis bisa oega ija mangkono, ora ana kang soemoeroep kalajan pasthi. Kang tjetha jaikoe: oemoem padha pessimistisch, was-was jèn pamboedidajané Sumner Welles ikoe bakal kandhas.

Ing wektoe kang wekasan iki wadya Finland kentjeng anggonné ngoekoehi koetha Viborg, kang sedyané arep diedjègi déning Roeslan. Koetha maoe kabare isih megeg, wadya Roes doeroeng kaleksanan ngebrosi koetha maoe. Sanadjan kahanané wanhopig, kaja-kaja entèk pangarep-arep, nanging kabare pradjoerit Fin isih koewawa nanggoelangi.

Ing sadjroné pradjoerit Fin isih bisa ngoekoehi koetha Viborg maoe, bisa ngiras ngoekoehi bêtèng kang kapindho, kanggo djaga-djaga ing pemboeriné. Koetha Viborg ikoe isih adoh karo kradjané Finland (Helsinki), moela saka ikoe doega-dogè isih soewé kaleksananing sedyané Roeslan.



#### PARINDRA MADIOEN.

Ing rapaté boeroe iki, antara lija moetoos: 1. mBangoen komité kanggo nampa komprènsi daérah bésoek tgl. 30-31 Mrt. iki. 2. Kang dipoetoes menjang komprènsi jaikoe: sdr. Dwidjowarsito, sdr. Odang lan sdr. Koentjoro. (Dj.)

#### CONFERENTIE V.O.B.

Dhèk dina Minggoe tgl. 3 Maart 1940, V.O.B. tlatah Djawa wétan wis nganakaké komprènsi ana ing Madioen manggon ing P.H.I.S. Kedjaba dikoendjoengi déning tjabang - tjabangé, wakil-wakil koempoelan lan pers oega pepak. Toewan Sardjani ngandharaké bab tatanan pensioen kanggo V.O. kang bakal dianakaké déning pemréntah.

Woesanané komprènsi moetoos: 1. Noelak marang anané tatanan maoe. 2. Gawé motie kang maksoedé ndjalok hak pensioen kang saadil-adilé. (Dj.)

#### K. B. I. TJANDJOER.

Gegajoetan karo bakal anané Perkino

**Eczeem** toean toetoepe dengan salapis Purol kaloe maoe mandi. Tempat berpenjakit itoe toean tjoetji dengan aer panas dan Saboen Purol. Satelah itoe bedakinja tjoekoop dengan Bedak Purol. Tiga matjem obat jang koeat loear biasa menjemboehken, jang meng'langken toean poenja penjakit dalem tempo pendek. Saboen Purol f. 0,90 saboengkoes, Purol f. 0,40 sedoos, Bedak Purol f. 0,90 sakoepi, disegala roemah obat dan toko.

ing Solo, K.B.I. Tjiandjoer wis nganakaké rapat ngremboeg rékané golèk ongkos kanggo ngirimaké pandhoe-pandhoené menjang djamboré kasboet. Woesanané moepakat kontriboesi dioendhakaké sethithiké 100%, sasasiné nganti toemka Juli. (abn. No. 28748).

#### R. T. BONDOWOCO.

Gegandhengan lan rawoehé wakil P. B. bagian Economie anjar iki saka perseoedjoewané R. T. tjabang Groedjoegan, Maesan lan Tamansari, woes dianakaké rapat oemoem, manggon ing dalemé sdr. Atmoprawiro ketoea R. T. tjabang Tamansari, kang dikoendjoengi déning sebagejan gedhé sdr. tani. Rapat kapimpin déning sdr. Darmoseoemarto ketoea tjabang Parindra. Azas lan toedjoewané R.T. lan agama katerangaké kanthi tjetha klajan tandhes déning wakil P.B. Nalika nerangaké kahanané sdr. tani sing padha kena pengaroeh idjon, wakil pemerintah ngethok.

#### S. W. TJABANG BABAD.

Manggon ing omahé sdr. Mh. Arwan wis katetepaké kanthi padha gembira madegé S. W. tjab. Babad. Déné kang dadi pengeroesé: sdr. A. Sachidam ketoea, sdr. Mh. Arwan penoelis, sdr. Noorhazim bendahara, sdr. Soewadi pembantoe bg. Babad, sdr. Soetomo pemb. bg. Baoereno. Moela mangkono awit wargané madeg saka sdr.-sdr. ing Babad lan Baoereno. Déné kang dadi kepala pasoeakan sdr. Hadisoetomo, kanggo sekawit lakoené baris ditoentoen déning sdr. S. Soejatno ing Lamongan tilas kepala regoe S. W. tjab. Solo. Moega-moega saja ngrebeda lan widada. Hidiepl

#### S. W. MADIOEN.

Ing rapat warga kepoengkoer antara lija moetoos: 1. mBangoen komité kanggo nampa ressort-conferentie bésoek tgl. 30-31 Mrt. iki. 2. Bakal ngirimaké oetoesan wong 1 menjang kongres, jaikoe sdr. Samadikoen. 3. Nganakaké harmonica-band kanggo ngramèkaké konperènsi dipimpin sdr. Djoeari (Dj.).

#### KEPANDOEWAN KEPANDJEN.

Saka ada-adané sawatara pemoedha Kepandjen, woes kelakon madeg candidaat tjabang K. B. I. Sing dadi pengeroesé, jaikoe: voorzitter sdr. Soedarmin-to-Hadipranoto, secretaris sdr. Martadi-soesiswa, penningmeester: sdr. Koesnoe-soebroto, sarta dibantoe déning para commissarissen sawatara. Déné kang dadi commissaris tjabang sdr. Roesman. Kapan ing kéné ana Surya Wirawan, soepaja kéhing bangsa kita kang sagoeh ngajati préntahing partai ing tembé saja akèh? (kw. no. 18685).

#### PARINDRA TEGALONDO.

Nalika 3 Mrt. Parindra Solo Tegalondo wis nganakaké koersoes, kapimpin sdr. Soedarjo. Sing nekani 99% saka warga kabèh. Kadjaba ikoe oega ngran-tjang adegé S. W. lan rapat oemoem.

#### V. O. B. TJIREBON.

V.O.B. daérah Tjirebon doeroeng soewé iki nganakaké komprènsi ana ing Koeningan, ditekani déning pang-pang Koeningan. Kawali, Talaga, Madjalengka, Tjilimoes, 13 tjabang. Komprènsi

ngremboeg bab pensioenfonds, kang woesanané mbandjoer ngadjoekaké motie kang wossé nampik rantjangan pensioenfonds kasboet.

#### S. W. LOEMADJANG.

Karampoenganing pilihan pengeroes nembé iki jaikoe: ketoea sdr. Soetijonoto, wakil ketoea sdr. Atmoprajitno, pen. I sdr. Soebijakto, pen. II sdr. nj. Soebijakto, bendahari sdr. nj. Soetijonoto, lan sawatara pembantoe.

#### KOMPRESI ROEKOEN

##### TANI.

Nembé iki ing Kentjong dianakaké komprènsi Roekeen Tani Loemadjang. Ana ing rapat oemoem kang padha medhar sabda sedoeleer - sedoeleer Sastrodikoro. Soedjono. Sawisé rapat oemoem bandjoer dianakaké komprènsi, wiwit djam 1 bengi tekan djam 8 ésoek.

#### K. B. I. BOELOELAWANG.

Boeroe iki ing pergoeroean Nationaal Taman Siswa dianakaké pertemoenan antarané wong toewané pandhoe-pandhoe K. B. I. lan priajaji ing Boeloelawang sakiteré perloe nerangaké bab azas lan toedjoewané K.B.I. lan dhidhikan toemrap pandhoe-pandhoe oemoem, katerangaké déning sadoelear Soepardi kalajan maremaké. Preloe oega dikabaraké jèn mbésoek tanggal 9/10 Maart 1940 pandhoe-pandhoe maoe arep nganakaké kampvuur kang sapisanan manggon ana ing Boeloelawang.

#### MANGSAH TEROES.

Tanggal 3 Maart iki Pengeroes Parindra nganakaké rapat ganep ana ing Mataram, perloe ngremboeg mbandjoeraké aksi parlement ikoe.

#### KONGRES BOEROEH.

P. V. P. N. ana ing gedelegerden-vergadering ana ing Mataram, ngremboeg kajata bab pandjaloeakan duurtoeslag, ndhapoek pasamektan kongrés mbésoek December ana ing Soerabaja, boekoe pèngetan P. V. P. N. lan isih ana manèh.

#### PASOENDAN ISTRI.

mBésoek 21-24 Maart ngarep iki Pasoendan Istri nganakaké kongrés ana ing Bandoeng ngiras mèngeti oemoeré ganep 10 taoen.

#### P. S. I. I. BATANG.

Nembé iki nganakaké rapat oemoem, perloe ngoemoemaké poetoesan kongrés ing Palembang. Nalika t. Soewito nerangaké kahanan internasional nggepok bab conflict Djepang - Tiongkok olèh kethokan saka wakil Pamréntah. Mengkono oega nalika ngremboeg bab kan-kinaning rakjat. Kethokan kang kaping teloe jaikoe nalika t. M. S. Latief ngoe-tjapaké tetemoengan kang ora diseroe-djoeki déning wakil Pamréntah.

#### PARINDRA TJOEROEP.

Badan Persiapan Parindra Tjoeroep kang woes lawas ora keproengoe swarané, wis klakon nganakaké rapat tertoepe manggon ing gedhong T. S. kang dikoendjoengi sedoeleer 24.

Poetoesaning remboeg tjabang Parindra bisa madeg kanthi swara boelat sarta maremaké.

Soesoenan pengeroes madeg saka:

sdr. Z. Arifin A ketoea, sdr. Slamet ketoea moedha, sdr. R. M. Aliam-an penoelis I, sdr. Abdoel Moentalib, penoelis II, sdr. Moch. Hoessin bendahara, sdr. Anwar Aziz pembantoe, sdr. Z. Arifin B pembantoe. (Duiio-Z.)

#### S. W. MATARAM.

Wis nganakaké rapat warga, manggon ing gedhong S. W. Kepatihanweg. Antara lija kang diremboeg jaikoe bab ananging lantikan kang bakal manggon ing dalemé tetoewa kita Mr. Soemardi, Toegoe Koelon 115 Dk. Kadjaba ikoe oega nampa oesoel-oesoel saka warga loemrah, kang bakal diajoekaké menjang kongres. (Ken.)

#### JAMBOREE H. W.

Jamboree H. W. ke 2 daérah Pekalongan bakal dianakaké ana ing Tegal ana ing wolan April 1940. Anané jamboree iki ngleksanané poetoesan conferentie Mochammadiah daérah Pekalongan, kang boeroe iki dianakaké ing Tersono (Limpoeng) (R.)

#### SURYA WIRAWAN SAMBAS.

Ketoea moedha Surya Wirawan tjabang Sambas sdr. M. Effendi dipriksa déning pengadilan (Balai Kanon) amarga nradjang wawaler jaikoe 1. Politieke demonstratie lan 2. Nganakaké openlucht vergadering tanpa idin. Sawisé nganakaké raadkamer, bandjoer Toeanke Sultan nerangaké jèn toean M. Effendi noeroet oenèn-oenéné Staatsblad 1919 No. 561 sub 1 dikenakaké dhendha f 25.— oetawa dikoendjara sesasi. Dakwa tèken appel.

#### KADADÉJAN KANG ANEIL.

Nalika Surya Wirawan Sambas nganakaké rapat tertoepe ing omahé salah sawidjiné warga ing Sambas Tandjoeng Belanda doemadaker. Kepala kampoeng nekani rapat maoe, lan njathet djenengé sidji-sidjiné warga kang teka. Lan nalika Parindra nganakaké koersoes oega ditekani déning kepala kampoeng, nanging ditolak. Ora let soewé kepala kampoeng nekani manèh lan ndjalok tandha astané toean M. Effendi, marga nolak kekarepané. Mitoeorot keteranganné kepala kampoeng maoe, kedadéjan iki marga saka oetoesanné Toeanke Demang.

#### P. P. I. I. MATARAM.

Ing Mataram, kaleksanan dianakaké voor conferentie déning Perhimpoean-perhimpoean Pemoeda Islam Indonesia, kang ditoentoen déning H.B. J.I.B. Kang ngirimaké oetoesan-oetoesan ing conferentie maoe ana 10 perkoempoelan Islam. Ing antarané poetoesan-poetoesan kang penting: Voor conferentie moepakat anané Pergaboengan Persjarikatan Pemoeda-pemoeda Islam Indonesia, kang ndoewèni sifat federatie. Kongres federatie iki bakal dianakaké bareng karo kongres M.I.A.I. lan sadjèdjèré federatie iki M.I.A.I. didadèkaké adviseerend lichaam.

#### P. I. I. TOEBAN.

Ing Toeban wis dianakaké persiapan tjabang Partij Islam Indonesia (P. I. I.) Kang ndoewèni ada-ada iki jaikoe toean K. H. Fattoerrahman, voorzitter Madjelis Loehoer Hidadjat ing Toeban. Moega-moega bisoa kaleksanan pangadjabé.

**PARINDRA LAN S. W. TLATAH MADIOEN.**

Parindra lan S. W. tlatah Madioen bakal nganakaké komprènsi mbésoek 30-31 Maart ana ing Madioen. Kadjaba ditekan déning Kwartier Besar S. W., jèn tanpa alangan oega bakal didjenengi déning sdr. Mr. Soesanto lan Soedarjo Tjokrosiworo. (Dj.)

**S. W. SRONO.**

Saka actief-é pengeroes bebarengan karo para warga, sanadjan madegé doe-roeng soewé, wis bisa ndhapoek commissie cursus, commissie pak, commissie propaganda lan pers, lan ora soewé manéh commissie muziek i.l.l. Cursus dianakaké sasasi sepisan. Patemon pengeroes saben minggu sepisan. Trainen werktroep seminggu sepisan lan rapat rapat warga sabisa-bisa sesasi sepisan. (abn. no. 3945).

**KOMPRESI B. I. C.**

Gandhèng karo arep anané kongrés ana ing Malang, B.I.C. (Bond Indonésische Chauffeurs) nalika 11/12 Maart nganakaké komprènsi ana ing Soerabaja. Kang karembogé jaikoe bab samektan kongrés lan lija-lijané.

**KONGRES P. P. A. V. B.**

Wiwit 22 tekan 25 Maart P. P. A. V. B. nganakaké kongrés ana Solo, ngiras mèngeti oemoeré ganep 1 taoen.

**PARINDRA SEMARANG.**

Manoet poatoesan rapat warga nembé iki kanggo taoen iki kang kapilih dadi ketoea sdr. Soedewo Notomidjojo, wakil Roeslan Hadisoebroto, penoelis II sdr. Soenarjo Mangoenpoesito, bendahara sdr. Amattaris, propagandist sdr. wara Amattaris, Kridharsojo lan M. I. Sajoeti.

Kang katetepaké dadi oatoesan menjang kongrés Bandjarmasin sdr. M. I. Sajoeti lan Soedewo Notomidjojo. Gandhèngan karo ditahané sdr. M. I. Sajoeti, bakal digolèkaké soelih.

**PARINDRA MALANG.**

Ana ing kongrés ing Bandjarmasin Parindra Malang antarané bakal ngadjakaké oesoel soepaja saben-saben 5 kongrés kang poengkasan dhéwé dianakaké ing Solo, panggonan lairé Parindra, adhesek marang Pamréntah soepaja njoe-wak papan pamboewangan ing Digoel, tambah warga P. B.

**P. P. P. B. SOERABAJA.**

Nalika 3 Maart nganakaké rapat taenan, perloe ngoemoemaké verslag lan pilihan pengeroes anjar lan lija-lijané. Kedadéjaning pilihan pengeroes: ketoea t. J. H. W. Tampi, ketoea II t. Romowisastro, penoelis I t. Karsijo, pen. II t. S. P. Suot, bendahara t. R. T. H. Martowiradyo, lan pembantoe sawatara. Kanggo kapuloewan kongrés mbésoek Mei ing Djakarta, P. P. P. B. Soerabaja bakal ngoetoes wong I.

**DAÉRAH POERBOJO.**

mbésoek 30/31 Maart Parindra daérah Poerbojo (Madioen) nganakaké komprènsi, kang kapanggonan Parindra Madioen. Kanggo keperluan ikiye ana ing rapaté nembé iki komtoesaké ndhapoek pirang-pirang komisi.

**P. B. P. P. S. T.**

Wakil ketoea Pengeroes Besar P. P. S. T., toewan Atmedihardjo lan wakil Prekis (Persatoean Kaoem Iboe Spoor lan Tram Indonésia) boeroe iki teka ing Tandjoengkarang. Ing kono mbandjoer dianakaké rapat warga sarana kawlgatan gedhé, kang noedohaké semangat-ting persatoean.

**NJAI BLORONG.**

Disini tempat memasang advertentie ketjil. Satoe kali pasang tidak boleh lebih dari 5 baris, ongkos f 0,50, haroes dibayar LEBIH DOELOE. Kalau 10 kali ongkosnja f 4.—. Tidak ada korting lainnja, dan tidak ada bewijsnummer. Bewijsnummer boleh beli seharga losse nummer, à f 0,15 satoe exemplaar. Adv. jang tidak diberikoeti oeng ongkosnja, TIDAK akan dimoeat. Tekst avd. haroes dikirim paling laat 10 hari sebeloem s.k. jang memoeatnja itoe terbit. Silahkan memasoekkan advertentie disini.

**TOEMRAP PAMOELANGAN.** Sapa kirim dhoewit f 37.— marang Boekh. S.T.M. Patangpoeloehan - Solo, olèh kiriman boekoe<sup>2</sup> woelangan sekolahan (salong rada anjar) pengadji f 50.—. Prajoga bedhami dhisik apa sing dipilih. Idjolan kena. Noekoe gelem.

**BISA HUURKOP.** Boeat Toean poenja keperluan SEPEDA dan sewa Lampoe adres jang paling moerah tetep ada: Rijwielh: „SARMIN“ Agentsch: FONGRES. Kedoengdorostraat 223 - Soerabaja.

**MACHINE** boeat rontokan padi model jang paling baroe, roepa-roepa capaciteit. Machinefabriek Nio Peng Long, Meulevliet West, Batavia C.

**DISEWAKAN:** 1 roemah gedoeng di Karangmendingan Gg. IV No. 11. Keterangan pada Adjar, Karangmendingan-straat 113 Soerabaja atau adm. s.k. ini.

**LANTARAN** dari adanja Bouwspaar-bank „BERINGIN“, maka terbakoellah maksoed saja ingin mempoenjal roemah sendiri itoe. Alchamdoellillah. Dari Soediono Pasoeroean.

**GOLÉK:** w a n i t a Indonésia oetawa Tionghoa, koelina mesin toelis, basa L a n d a, kanggo Malang, njamboetgawé ½ dina. Ora palakrama panggonan lelahan. Hvg. „Wereld Bureau“ Taloen lor 12 Malang, tefl. 134.

**SAMA RATA SAMA RASA,** boekoe pemberantas boeta hoeroef. 1 boekoe f 0,20; 10 boekoe f 1,80; 25 boekoe f 3,75; 50 boekoe f 5.—. Onkost kirim 1 boekoe f 0,02. Administratie PENDIDIKAN OEMOEM, Post Bus 25, S'baja.

**M. Ng. Moh. SAID,** Petemon 5/158 Soerabaja Agentschap: „BERINGIN“ Batavia C. dan „O.L. Mij. „Goena-Pralaja“ Jogyakarta. Ikoetlah pendirian bangsa kita sendiri! Ditjari pembantoe di daerah Soerabaja.

**KASOENJATAN,** nembé kababar (Djawi lat.) kr. R. Sosrosoemarto. (Kawr. kebatosan dj. II) langkoeng kandel mentes à f 1,10. Sadéréngipoen medal à f 0,75 fr. VRIJ. Ingkang ngedalaken: Boekh. „SOENARDHI“ Malang-C.

**KONGRES CHUN GHUA HUI**

Pakoempoelané bangsa Tionghoa Chung Hwa Hui bakal nganakaké kongrés ana ing Betawi ing sadjroning rijaja Paskah, 22-25 Maart iki. Bondsvoorzitter-é pakoempoelan maoe jaikoe toewan H. H. Kan lid Volksraad.

**IKET** Tjarik Solo woes separo: moekt f 0,85, f 1,05, Tjantrik f 1,20, Baris f 0,70, kar f 0,80, gringsing f 0,85, modang f 0,90. Gethopres f 1,00. Ompak: f 0,65 porto f 0,05. Salékan Tjarikan 61, Solo.

**PARTOSOEDARMO** gang Sekip 21 Mr. Cornelis. Djika toewan pakai saboen tjoetji pilihlah saboen Tjap Ranté, saboenja kerasan, boesanja lebih lemes, baenja sedap. Boleh pesan pada adres diatas.

**LOCOMOTIEF** selaloe dimoeaka, begitoe poen Toko-toko jang sedia kita poenja barang-barang. Batikkerij & Handel M. S. B. Widjokartono, Bekonang - Solo.

**DATJIN KOENINGAN:** Adalah ke-loeraan dari kita poenja Fabriek jang masboer, barga moerah.

KONG SIANG, Karangari 39/S Semarang.

**MINTALAH** keterangan tentang: C. V. „Java Volksbank“ Bandoeng; O.L. „Mij. „Goena Pralaja“ Joggja; berikoet porto pada toean: SAMINOEN, Kretén-Poerwosari, Solo.

**CURSUS** bah. Belanda boeat K. E. di P. B. S. Gentengkali 61. April j.a.d. akan diboeka bagian baroe. Sekarang ada 3 bagian. Keterangan kepada adres diatas antara djam 6—9 tiap-tiap malam.

**GOLÉK** pegawéjan kanthi blandja tetep, sawidjining pemoeda oemoer 20 th. waton Taman Siswa (H.I.S.) Poendoetan marang soerat kabar iki.

**SOEDAHKAH** toean mendjadi anggauta Onderlinge Levensverzekering Maatschappij „INDONESIA“ jang berpoesat di Solo? Keterangan pada Toko „Kasatrya“ Penelehstr. 162 Soerabaja.

**SOEMANGGA** mriksani!!! Schoemaker Lederwaren Badawi ing Prabans-straat No. 39 Soerabaja. Mangké saged mboektékaken, tangel ngresepaken lan pesadhijan tjekap, Sadé malih angsal kemirahan.

**MOENDHOETA** batik aloesan rega f 3.— moenggah, taplak lan mèbel nganggo gambar wajeng, marang: Batik-handel „SRI“, Solo.

**P. I. I. SEMARANG.**

Ing tengah-tengahaning sasi iki Partij Islam Indonésia Semarang nganakaké rapat oemoem ana ing gedhong G. R. I. Para pamedhar sabda bakal ditekakaké saka Pengeroes Besar ing Djokja.



**KONGRES P. S. S.I.**

Bakal dianakaké ana ing Solo mbésoek 11/12 lan 13 Mei. Kaja adat sabené, oega bakal dianakaké stedentournoi.

**NIVU DJAWA TENGAH.**

Competitie Nivu Djawa Tengah antarané Marion (Moentilan) lan D. M. N. (Solo) kawoesanané 3—2.

**TANDHINGAN ING BLITAR.**

Nalika 3 Maart dianakaké tandhing antarané S. P. I. (Blitar). — P.O.V.C. (Ngoenot). Kawoesanané 7—2.

**ING MATARAM.**

Antarané P. S. I. M. — V. B. S. (Solo) 3—1. kanggo P. S. I. M.

**ING BETAWI.**

Antarané Oliveo — Tionghoa 2—1. V. S. O. PEKALONGAN.

V.S.O. Pekalongan mentas nganakaké competitie antarané Alhilaal lan M.O.T. Kawoesanané 4—0 kanggo M.O.T.

**INGLOEROEG MENJANG MATARAM.**

Ing sadjroné liboeran Paskah (Paskhen) iki Persibaja bakal ngloeroeg menjang Mataram, tandhing karo V. B. D. O. lan P. S. I. M.

**COMPETITIE PERSIBAJA.**

Competitie nembé iki kawoesanané: Tjahja Laoet III — Reo III 3—0. H.W. I — Reo I 1—0. Andalas II — P.P.P. II 0—2. Sinar Kota I — Oliveo I 2—0.

**COMPETITIE S.V.B.**

Competitie ing poengkasaning minggu boeroe iki: Hoofdcl.: Excelsior — Tionghoa 1—5. Klasse I: Selo — Annasher 2—2. Res. Hoofdcl.: Thor II — Mona Moeria II 1—3. Klasse II: Al Iqbal — M.L.D. 1—7. Klasse III: M. M. III — Tionghoa III 0—8. Thor III — Ajax III 3—1. Klasse IV: H.B.S. IV — Selo II 0—2. Happy II — R.K.S. II 1—0. Zeemacht II — R.K.S. II 1—0. Klasse V: Tionghoa V — H.B.S. V 5—1. Excelsior IV — M.L.D. II 2—2. Veteranenkl.: Happy — Excelsior 4—0.

**ING BANGKALAN.**

Wiwit 2 Maart — 7 April ing Bangkalan bakal dianakaké tandhing 7 ram-bahan, saka ada-adané comité pendirian Roemah Sekolah Moehammadijah. Kang wis tandhing jaikoe Maroeto (Soerabaja) — Persip (Pamekasan), kang kawoesanané 9—0 kanggo Maroeto.

**BADMINTON SOEMBERPOE-TJOENG.**

Dhèk tanggal 3 Maart 1940 b.c. Tresno Soemberpoetjoeng wis kelakon dioekoer kekoewatané déning b.c. T. N. H. Kesambèn ing baan Tresno Soemberpoetjoeng. Woesianané stand: 5—5. (Abn. No. 18685).